O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA`M ORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG`I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Fakultet dekani’:

__________f.i.k. Q.K.Turdi’baev

«____» _____________ 2014-j.

5220100-filologiya ha`m tillerdi oqi’ti’w (Qaraqalpaq filologiyasi’) bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Rametova Kamilani’n’

**« Baslawi’sh klasslarda yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’»** degen atamasi’ndag’i’

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

Jaqlawg`a ruxsat berildi

Kafedra basli’g`i’: f.i.k.J.Nizamatdinov Ilimiy basshi’: f.i.k.J.Nizamatdinov

__________________ (qoli’) __________ (qoli’)

«___» _______ 2014-j.

**No`kis – 2014-ji’l**

**Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n`**

**QARARI' :**

5220100-filologiya ha`m tillerdi oqi'ti'w (Qaraqalpaq filologiyasi') bag'dari'n pitkeriwshi Rametova Kamilani'n' **«Baslawi'sh klasslarda yerteklerdi woqi'ti'w metodikasi'»** degen atamasi'ndag'i' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na "_____ " bahasi' qoyi'lsi'n

**MAK baslig`i' :** __________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

**MAK ag`zalari' :**

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

__________________ ____________________

(qoli') (f.i.sh)

**«Baslawi'sh klasslarda yerteklerdi woqi'ti'w metodikasi'»**

**MAZMUNI'**

Kirisiw…………………………………………………………..........................
I bap. Baslawi'sh klasslarda yerteklerdi woqi'ti'wdi'n' a'hmiyeti ha'm za'ru'rligi ………………………………………….......................................
II bap. A'jayi'p ha'diyseler haqqi'ndag'i' yerteklerdi woqi'ti'w usi'li'…………………………………………………………….................
III bap. Haywanatlar haqqi'ndag'i' (ani'g'i'rag'i' haywanat obrazlari' menen adam minezin su'wretleytug'i'n) yerteklerdi baslawi'sh klasslarda woqi'ti'w usi'li'………………………………………….……….
IV bap. Turmi's haqqi'ndag'i' yerteklerdi woqi'ti'w usi'li'……………
Juwmaqlaw………………………………………………………………….
Paydalani'lg'an a'debiyatlar……………………………………...............

# Kirisiw

Uli’wma worta bilim beretug’i’n mekteplerdin’ baslawi’sh klasslari’nda yerteklerdi woqi’ti’wdi’n’ usi’li’ ha’m woni’n’ metodikasi’n islep shi’g’i’w, u’yreniliwi tiyis a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p tabi’ladi’. Yerteklerdi woqi’ti’wdi’n’ usi’llari’n islew teoriyali’q ha’m a’meliy jaqtan a’hmiyetli, sebebi, woqi’wshi’lardi’n’ woy-wo’risin rawajlandi’ri’wda wolarg’a tiyisli bilim ko’likpelerin beriwde wog’ada za’ru’r sanaladi’. Yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’ pedagogika iliminin’ bir tarawi’ boli’p uli’wma pedagogikali’q yesaplardi’ basshi’li’qqa ala woti’ri’p, woqi’ti’w metodlari’na su’yenedi. Yertekler du’nyasi’ balalardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n keltirip shi’g’aratug’i’n folklordi’n’ yen’ a’hmiyetli a’debiy janri’ boli’p yesaplanadi’. Yerteklerdi woqi’ti’w usi’llari’n, u’yrene woti’ri’p balalarg’a ta’lim-ta’rbiya beriw processin, wolardi’n’ uqi’pli’li’g’i’n, qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n, sol u’yrenilip ati’rg’an yerteklerdin’ tiyimli jollari’ menen usi’llari’n u’yretiw na’tiyjeli juwmaq beredi dep woylayman. Yerteklerdi woqi’ti’wdi’ a’meliy jaqtan iske asi’ri’p woti’ri’w bulardi’n’ barli’g’i’n baslawi’sh klasslarda mektep turmi’si’na yendirip bari’w na’tiyjeli juwmaq beredi dep yesaplayman. Yerteklerdi wo’tiw bari’si’nda baslawi’sh klasslarda oqi’wshi’lardi’n’ sawat ashi’wi’n, til wo’siriwin, jazi’wi’n, woqi’wi’n, ha’tteki grammatikasi’n u’yreniwdin’, ja’ne de u’yrengenlerin a’meliy jaqtan iske asi’ri’p bari’wdi’n’ anag’urli’m qolayli’ usi’li’ boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ mene birge yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’nda ta’lim-ta’rbiya isine, ja’miyet aldi’nda wo’zine qoyi’latug’i’n socialli’q talaplar, jaslardi’ joqari’ adamgershilik ruwxi’nda ta’rbiyalap bari’w ha’m wolardi’n’ sana sezimin rawajlandi’ri’wda na’tiyjelilikke yeristiredi. Yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’ ta’lim-ta’rbiya tarawi’ni’n’ aldi’nda turg’an bunday wazi’ypalarg’a jol-joba ko’rsetip bari’w menen birge woqi’wshi’lar menen mug’allimlerdin’

usi’nday a’diwli iske su’yispenshiligin artti’radi’ ha’m wolardi’ paydalana biliw ko’zde tuti’ladi’. Soni’n’ menen birge mektepte ta’lim-ta’rbiya isin ali’p bari’wda woni’n’ mazmuni’n, wazi’ypasi’n belgilew, jol-joba tabi’w maqsetinde qalay woqi’ti’w kerek, neni woqi’ti’w kerek, ne ushi’n usi’lay woqi’ti’w kerek, al ne sebep basqasha yemes? degen sorawlarg’a juwap izlep ta’lim-ta’rbiya isinin’ mazmuni’n, ti’yi’mli’ usi’llari’n ha’m bulardi’ iske asi’ri’w ushi’n, ta’jiriybeler, si’nawlar wo’tkizip, solardi’n’ na’tiyjesine qaray woti’ri’p, belgili bir sheshimge kelip, usi’ni’slar usi’ni’lsa maqsetke muwapi’q bolg’an bolar yedi.

Baslawi’sh klasslarda ko’p tarqalg’an a’debiy janrdi’n’ biri bul yertekler yekenligi ha’mmege belgili. Balalar qosi’q, gu’rrin’lerge qarag’anda ko’binese yerteklerge qi’zi’g’adi’. Soni’n’ ushi’n mektep bag’darlamasi’na yelede ko’birek yertekler kiritilse ju’da’ qolayli’ boladi’. Yerteklerdi woqi’ti’w u’lken a’hmiyetke iye. Ma’selen: 1-klass woqi’wshi’lari’ ta’sirli woqi’wdi’n’ normalari’nda, talabi’nda bilmeydi. Wolar woni’ tek woqi’w dep tu’sinedi. Yerteklerdi ta’sirli woqi’wg’a u’yretiwde mug’allimnin’ wazi’ypasi’ u’lken. Sebebi, irkilis belgilerine, noqat, soraw, u’ndey belgileri bar jerlerde qalay woqi’w kerekligin ko’rsetip beredi. Sonday-aq, yerteklerdi obrazg’a bo’lip woqi’wda ju’da’ a’hmiyetli. Mine, usi’lardi’n’ ba’rine mug’allim ko’birek itibar beriwi kerek.

Ha’zirgi zaman talabi’na sa’ykes mekteplerdin’ isin ja’miyetimizdin’ socialli’q sharayati’na baylani’sli’ quri’wdi’ wazi’ypa yetip qoyi’p woti’r. Sonli’qtan baslawi’sh klasslarda yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’na mug’allimnin’ wo’zi woqi’ti’wshi’li’q isinde aldi’na qoyi’lg’an juwapkerli wazi’ypa qoyi’wi’ tiyis. Sonli’qtan keleshek mug’allimler, qa’nigeler birinshi gezekte metodikani’ teren’nen u’yreniw menen birge, woni’ wo’z isinde, ku’ndelikli sabaq bari’si’nda qollani’p bari’wi’ talap yetiledi. Bul zaman talabi’na i’layi’q do’retiwshilik penen sabaq beriwdi u’yreniw degen so’z.

## I bap. Baslawi'sh klasslarda yerteklerdi woqi'ti'wdi'n' a'hmiyeti ha'm za'ru'rligi

Qaraqalpaq awi'zeki xali'q do'retpelerinin' bay janri'ni'n' birewi yertekler. Yertekler a'yyem zamannan baslap ha'zirgi ku'nge shekem xali'q arasi'nda do'relip, tarali'p ha'm ayti'li'p keledi.

Yertekler mazmuni'ni'n' hayran qalarli'q suli'wli'g'i'n, xali'q arasi'nan shi'qqan ko'rkem so'zge usta adamlardi'n' asqan sheberligi haqqi'nda bildirip turadi'.

XI a'sirde wo'tken tu'rk qa'wimlerinin' tilinin' mamani' Maxmud Qashqariy yertek so'zinin' ma'nisin «hasi'l bir na'rseni a'n'gime qi'li'wdan ali'ng'an» - dep ko'rsetedi.

Dursi'nda da yertek buri'n bolg'an bolmag'an waqi'yalar tuwrali' qi'yal menen toqi'lg'an, belgili bir syujetke, belgili bir obrazlarg'a quri'lg'an, wo'z aldi'na ko'rkemlilik wo'zgeshelikke iye awi'zeki prozali'q do'retpe. Yertekler tek tu'rkiy tilles xali'qlarda g'ana yemes, al pu'tkil du'nya xali'qlari'nda ushi'rasadi'.

Qaysi' yerteklerdi ali'p qarasaqta woni'n' mazmuni'nan adamlardi'n' danali'q woyi'n, ushqi'r qi'yali'n arzi'w yertken a'rmanlari'n ko'riwge boladi'. Tu'rkiy xali'qlardi'n' yertekleri tek wolardi'n' awzi'nda g'ana yemes, al uzaq da'wirlerden baslap tu'rkiy tilde jazi'lg'an jazba yesteliklerindede saqlani'p kelingen. Bulardi' biz keleshekte u'yreniwimiz kerek.

Qaraqalpaq yerteklerin wo'z aldi'na ji'ynaw isi menen XX a'sirdin' 20-30-ji'llari'nda belgili ilimpaz N.A.Baskakov shug'i'llang'an. 1925-ji'li' S.Majitov wo'zinin' a'debiyati' boyi'nsha xristomatiyasi'nda qaraqalpaq xali'q yerteklerinen u'lgiler beredi. 30-40-ji'llari' A.Begimov, O.Kojurov,

Q.Ayi’mbetov, X.Ta’jimuratov ta’repinen bir qansha yertekler ji’ynaldi’. 1956-ji’li’ yerteklerdin’ yekinshi kitabi’ basi’li’p shi’qti’. Woni’ «Qaraqalpaq yertekleri» degen at penen Q.Ayi’mbetov, G.Yesemuratov, A.Karimov baspag’a tayarladi’. Qaraqalpaq yertekleri ori’s, qazaq, o’zbek, tatar ha’m t.b. tuwi’sqan xali’qlar tillerine awdari’ldi’.

Mine, solay yetip yerteklerdi baslawi’sh klasslarda qalay woqi’ti’w kerek. Woni’n’ za’ru’rligi menen a’hmiyeti haqqi’nda toqtamaqshi’mi’z.

Baslawi’sh klasslarda yerteklerdi woqi’ti’w ju’d a’hmiyetli. Sebebi, yertekler du’nyasi’ balalardi’n’ qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n keltirip shi’g’aratug’i’n yen’ a’hmiyetli janrlardi’n’ biri boli’p yesaplanadi’. Woqi’wshi’larg’a yerteklerdi qi’zi’qli’ woqi’p berip, wolarda shiylenisken waqi’yalar, qaharmanlardi’n’ bati’rli’q ha’reketleri, tapqi’rli’qlari’ haqqi’nda ayti’p beriw lazi’m. Yerteklerdin’ balalarg’a unamli’ ha’m unamsi’z ta’replerin mug’allim woqi’w ha’m unamsi’z ta’replerin mug’allim woqi’w ha’m tu’sindiriw jollari’ menen u’yretedi. Shi’g’armani’n’ ideyali’q bag’darlari’ xaqli’q, a’dillik, adamgershilik t.b. joqari’ paziyletlerge quri’li’p, bas qaharman barli’q wori’nlarda jetiskenliklerge yerisip woti’radi’. Shi’g’arma birinshi baslani’wi’nan baslap-aq woqi’wshi’lardi’n’ woy-sezimin wo’zine tarti’p aladi’ ha’m barli’q waqi’tta waqi’yadag’i’ unamli’ obraz ta’repinde boli’p, soni’n’ jen’ip shi’g’i’w tileginde woti’ri’wi’na iytermeleydi. Unamli’ qaharmanlardi’n’ aq ko’kireklik, miynet su’yiwshilik, hadal minez qulqi’ woqi’wshi’da unamli’ ta’sir qaldi’radi’.

K.D.Ushiniskiy yerteklerdi «Xali’q pedgogikasi’ni’n’ da’slepki hayran qaldi’rarli’q u’lgileri»[1] dep duri’s pikir bildirgen. Baslawi’sh klass ballari’ni’n’ woy-wo’risinin’, woqi’wg’a ko’nlikpesinin’ tar ko’lemde bolatug’i’nli’g’i’ bizge belgili. Soni’n’ ushi’n baslawi’sh klass jasi’ndag’i’ balalar ushi’n yerteklerdi woqi’ti’w ju’da’ paydali’. Yerteklerdi mug’allim ta’sirli yetip

---

[1] Пирниязов Қ. «Баслаўыш классларда қарақалпақ тилин оқытыў методикасы». Нөкис, «Билим» баспасы. 1993.

yamasa rollerge bo’lip, woqi’p berip, wolarg’a woqi’wshi’lar menen birgelikte talqi’ jasasa, tez ha’m an’sat wo’zlestirip aladi’. Sonli’qtan baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na arnalg’an bag’darlama ha’m sabaqli’qqa ko’birek wo’tiw usi’ni’s yetilgen. Balalar ushi’n woqi’wg’a jen’il, i’qsham, qolayli’, balalar tili menen berilgen (bul 1-klass woqi’wshi’lari’ ushi’n) yerteklerdi wo’tiwdegi maqset, bul balalardi’ wo’zine tarta alatug’i’nli’g’i’ ha’m qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ratug’i’nli’g’i’ boli’p woti’r. Bag’darlamag’a sa’ykes baslawi’sh klass kitaplari’nda ko’plep materiallar kirgizilgen. Ma’selen:

1-klassti’n’ woqi’w kitabi’nda «An’qaw g’arri’», «Jolbari’s, qasqi’r ha’m tu’lki», «Qi’zi’l qalpaq», «Aldang’an bo’ri».

2-klassti’n’ woqi’w kitabi’nda: «Tu’lki menen qasqi’r», «Aqquw, shortan, shayan», «Karamatli’ shaxmax tas»,

3-klassti’n’ woqi’ti’w kitabi’nda: «Diyxan menen qi’s qalay dos boldi’», «Shonti’q tu’lki», «Jetim bala ha’m birqazan», «Diyxan ha’m qaraqshi’».

4-klassti’n’ woqi’ti’w kitabi’nda: «Aqi’lli’ g’arri’», «Baydi’ aldag’an balalar» ha’m tag’i’ basqa yertekler berilgen.

Yerteklerdin’ mazmuni’ ha’r qi’yli’ boli’p, wolar ta’biyatqa, haywanlarg’a, turmi’sqa, qi’yali’y, si’yqi’rli’, a’jayi’p ha’diyselerge baylani’sli’ boli’p keledi. Yerteklerdi wo’tkende balalardi’n’ birinshi gezekte jas wo’zgesheliklerine ko’birek itibar beriwimiz kerek. Sebebi, birinshi klassta woqi’ytug’i’n balag’a ko’lemi u’lken, mazmuni’ ken’ yerteklerdi wo’tiw qi’yi’n. Soni’n’ ushi’n yerteklerdin’ ko’lemine, i’qshamli’g’i’na, ma’nisine ayri’qsha di’qqat awdari’wi’mi’z lazi’m. Yerteklerdin’ barli’g’i’da qi’zi’qarli’, barli’g’i’da balalar ushi’n arnalg’an dep 4-klassta wo’tiletug’i’n yerteklerdi 1-klass woqi’wshi’lari’na wo’tiw kerek yemes. Sebebi, birinshi klass balalari’ tez ha’m shaqqan ug’i’p ali’w ko’nlikpesine iye yemes. Bulardi’ woqi’wshi’larg’a jetkizip beriwden aldi’n mug’allimnin’ wo’zi da’slep woqi’p, u’yrenip ali’wi’ na’zerde tuti’ladi’. sonnan keyin g’ana woqi’wshi’larg’a ta’sirli yetip woqi’p beriw kerek. Tek g’ana yertekti (jan’a materialdi’) woqi’p berip g’ana

qoymastan, woni’ qolayli’ ha’m qi’zi’qli’ yetip, balalar tili menen tu’sindirip beriwi tiyis. Tu’sindiriw bari’si’nda yerteklerdegi unamli’ ta’replerin shaqqanli’g’i’n, ta’rtipliligin, miynet su’ygishligin, aqi’lli’li’g’i’n, tapqi’rli’g’i’n, bir-biri menen qanday qatnasta bolg’anli’g’i’n ja’ne obrazlardi’ toli’q ashi’p ayti’p beriwi maqsetke muwapi’q boladi’. Yertektin’ unamli’ ha’m unamsi’z ta’replerin sali’sti’ri’p ayti’p bergende ju’da’ jaqsi’ boladi’. Bala sali’sti’ri’w na’tiyjesinde wo’zinen jaman qa’siyetlerdi ali’p taslap, jaqsi’ unamli’ qa’siyetlerdi wo’zine sin’dirip aladi’. Bunday da yerteklerdin’ a’hmiyetliligi ko’rinip turi’pti’, balani’ duri’s jolg’a, ta’rtipke, adamgershilikke shaqi’radi’. Sonday-aq, yerteklerde tek ta’rtipke g’ana yemes, al bati’rli’qqa da u’yretedi. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ bati’rlari’ haqqi’nda yerteklerde ju’da’ ko’p.

Wolar jawi’z ku’shlerdi, dushpanlardi’, qi’yi’nshi’li’qlardi’ jen’ip, yelin, xalqi’n Watani’n qorg’ap qalg’an. Mine, usi’nday yertekler balalardi’ bati’rli’qqa, qorqi’ni’shti’ jen’iwge shaqi’radi’. Balalarg’a usi’nday yerteklerdi woqi’p tu’sindirip bersek balalar wo’zlerinde (a’sirese yer ballar) usi’nday bati’r boli’wg’a, yelin, xalqi’n, tuwi’li’p wo’sken jerin qorg’awdi’ a’rman yetedi. Mine, usi’nday yertekler balalarg’a wo’zlerinin’ ata-babalari’n, ag’alari’n sonday da’w ju’rek, nami’sli’, ku’shli, bati’r bolg’anli’g’i’n yelesletedi. Usi’lardi’ woqi’p, biliw arqali’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ qa’dir qi’mbati’n tu’sinedi. Usi’ni’n’ na’tiyjesinde balada yeline degen, Watang’a degen, ha’tteki tuwg’an-tuwi’sqanlari’na degen mehir muhabbati’ artadi’.

Mine solay yetip, yertekler do’reliwi jag’i’nan awi’zeki xali’q yertekleri ha’m a’debiy yertekler boli’p yekige bo’linedi.

Awi’zeki xali’q yertekleri xali’q awzi’nan do’regen boli’p, al a’debiy yertekler bolsa belgili jazi’wshi’lari’mi’z ta’repinen do’regen. Awi’zeki xali’q do’retken yerteklerdi sha’rtli tu’rde 3 tu’rge bo’liwge boladi’.

1. A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yertekler.

2. Haywanatlar haqqi’ndag’i’ yertekler (ani’g’i’rag’i’ haywanat obrazlari’ menen adamlardi’n’ minez-qulqi’n su’wretlegen).

3. Turmi’s yertekler.

A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerde tiykari’nan adamlar menen birge da’wler, periyler, ajdarhalar, ji’lanlar, ka’ramatli’ quslar, a’sirese suymuri’q, karamatli’ terekler, ag’ashlar, tayaqlar, taraqlar, aynalar, qi’li’shlar, almalar, duwaxanlar, ma’stan kempirler, adamlardi’n’ haywan quslarg’a aynali’wi’, quslardi’n’, haywanlardi’n’ adamlarg’a aynali’wi’, tek qus ha’m haywanlar g’ana yemes, al ta’biyatti’n’, zatlardi’n’, suwdi’n’, ag’ashti’n’, tasti’n’ so’ylewi, duwa ku’shi menen adamlardi’n’ ushi’wi’, yeldin’ ko’shiwi, ushatug’i’n gilemler, awqat tayarlaytug’i’n da’sturxanlar ha’m tag’i’ basqa usi’g’an uqsag’an ha’diyselerdi bul yertekte baqlaymi’z.

Bul ha’diyselerdin’ barli’g’i’ adam turmi’si’na, woni’n’ ku’n ko’rinisine baylani’sli’ su’wretlenip jaqsi’li’q ha’m jamanli’qti’n’ qarama-qarsi’li’g’i’nan quralg’an. Ha’r qanday a’dilsizlikke, zuli’mli’qqa, nahaqli’qqa, zorli’qqa, nadanli’qqa qarsi’ jen’ip shi’g’atug’i’n woy-pikirlerdi woylap tabatug’i’n, ka’rmatti’n’ barli’q tu’rlerinen aqi’l ku’shi menen paydalantug’i’n adamlar bolg’an. A’sirese, bul yerteklerde de adamlardi’n’ ku’shi, aqi’lli’, uqi’bi’ menen patsha qi’zi’n alatug’i’n jarli’ balalar, basi’na dawlet qusi’ qoni’p patsha bolatug’i’n jarli’ adamlardi’n’ obrazlari’ xali’qti’n’ arzi’w a’rmanlari’na baylani’sli’ sheber su’wretlenip beriledi. A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ mazmuni’, ideyali’q bag’dari’ quri’li’si’, obrazlari’ haqqi’nda teren’irek tu’siniwi ushi’n wolardi’n’ syujetlik wo’zgesheliklerine di’qqat awdarsaq wog’ada qi’zi’q su’wretlerdi ko’z aldi’mi’zg’a keltiremiz.

Haqi’yqati’nda da yerteklerde xali’q qi’yali’ni’n’ wog’ada bayli’g’i’ yertek do’retiwshilerdin’ ha’m ayti’wshi’lardi’n’ wertek waqi’yalardi’n’ qi’yi’nnan qi’yi’sti’ri’latug’i’ni’n, qi’yali’y ko’rinislerde, ha’r qi’yli’ zatlardi’n’ «Ka’ramatli’ qa’siyetlerin» a’dettegidey ko’riniste beriw ju’da’ ayqi’n bilinip turadi’. Yen’ tan’ qalarli’q jeri sol yertekte, yertekshi wo’zinin’ bayan yetip ati’rg’an waqi’yasi’n i’rastay, turmi’sta bar na’rsedey, buri’nlari’ usi’ waqi’yalar bolg’anday yetip su’wretleydi. Solay yetip, a’jayi’p ha’diyseler topari’na

kiretug'i'n yertekler qaraqalpaq awi'zeki xali'q yerteklerinin' ko'pshilik bo'limin quraydi'. Wolarda turmi's haqi'yqatli'g'i', turmi's shi'nli'g'i' ha'dden ti's qi'yal ku'shi menen beriledi. Bunday yerteklerdin' ha'r birinde adam qi'yali'ni'n' sheksizligi, adamlardi'n' toli'p ati'rg'an arzi'w a'rmanlari', wolardi'n' maqsetine jetiwi ushi'n islegen ha'reketleri hayran qalarli'q a'jayi'p ha'diyseler menen toli'. Bul tiptegi yerteklerdin' mazmuni' da, obrazlari' da, til quri'li'si' da wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri menen beriledi. Yertekti do'retiwshiler ta'biyattag'i', ja'miyettegi, jeke adamni'n' wo'mirindegi sheshilmeytug'i'n, yen' qi'yi'n ma'selelerdi wortag'a taslag'an.

Wolardi' qi'yal ku'shinin' ja'rdeminde sheshiwdin' jollari'n tawi'p, wog'ada qi'zi'q, wog'ada qoni'mli' qi'li'p ayti'p beredi. Usi'ni'n' wo'zinde yertektin' adamlar ushi'n ku'shi, qu'direti bilinip turadi'. Adamlar yertekti woqi'p woti'ri'p, adamni'n' qi'yali' menen toqi'lg'ani'n umi'ti'p ketedi. Wolar ushi'n ti'n'lap woti'rg'anda da'wlerde, perilerde, haywanlar, quslarda a'piwayi' si'yaqli' ko'rinedi. Wolardi' ba'rinen buri'n jaqsi'li'q penen jamanli'qti'n' gu'resi, jaqsi'li'qti'n' jen'ip shi'g'i'wi' qi'zi'qti'radi'. Adamlar wo'zlerinin' kewli su'ygen qaharmanlardi' barli'q qi'yi'nshi'li'qlardi' jen'ip, murat maqsetine jetkende kewilleri ko'terilip, wo'zlerin jaqsi' sezedi. Mine, usi'nday jag'dayda yerteklerdin' adamlarg'a ta'sir ku'shin ko'riwimizge boladi'.

Yerteklerdi balalarg'a woqi'p beriwimizden aldi'n wolardi'n' jas wo'zgesheligine ko'birek di'qqat awdari'wi'mi'z kerek. Sebebi, kishi jastag'i' balalarg'a ko'lemi u'lken awi'r yerteklerdi wo'tiw qi'yi'n. Sebebi, wolar bunday yerteklerdi tez wo'zlestire almaydi'. Yertektin' mazmuni' qi'zi'q bolg'ani' menen wolarg'a tu'sindirip yamasa woqi'p berip ati'rg'ani'mi'zda, balalardi' jali'qti'ri'p jiberiwi mu'mkin. Balalar yele shi'damsi'z, tez sharshaytug'i'nli'g'i' sebepli wolarg'a i'qshamli', qolayli', jen'il (bul 1-klass balalari' ushi'n) yumorli'q yerteklerdi wo'tkeni maqul boladi'.

Ha'zirgi da'wirde texnikali'q progress ko'rilmegen da'rejede, ha'tte qi'yaldan da zor rawajlani'p ati'rg'anda woni'n' ja'ne de alg'a qaray

wo'siwinde a'jayi'p ha'diyseler haqqi'ndag'i' yertekler uli'wma yertek janri' ulli' ha'm bahali' material bolatug'i'nli'g'i', gu'mansi'z. Buri'ng'i' waqi'tta ata-babalari'mi'zdi'n' a'rman yetken «Ushar gileminin'» worni'na vertolët, samolët, raketlari'ni'n' payda boli'wi'. Aynag'a qarap du'nya ju'zin ko'resen' degen si'yqi'rli' aynalar worni'na «Radio», «televizor», «kompyuter»lardi'n' payda boli'wi' a'rmanlari'ni'n' wori'nlani'wi'ni'n' deregi. Du'nya ju'zin aynali'p keliw, bir jerde turi'p du'nya ju'zindegi jan'ali'qlardi', waqi'yalardi', jetiskenliklerdi ko'riw imkaniyati'na iyemiz. Bulardi'n' ba'ri ha'zirgi da'wirde ilimnin', texnikani'n' rawajlani'wi'nan derek beredi. Balalarg'a ilimnin' sonshelli da'rejede rawajlani'p ati'rg'anli'g'i'n ayqi'n ashi'p ayti'p bersek ju'da' wori'nli' boladi'. Jesen' shi'pasi' tiyetug'i'n almalardi' ali'p qarasaq, woni'n' worni'na ha'r qi'yli' da'ri-darmaqlar payda boli'wi', medicinani'n'da tez ha'm aytarli'qtay da'rejede rawajlani'p ati'rg'anli'qlari'n ayti'p wo'tsek wori'nli'. Balalarg'a yerteklerdi wo'tip ati'rg'ani'mi'zda unamli' ha'm unamsi'z ta'replerin sali'sti'ri'w menen tu'sindirsek, wo'zlerine unamli' jaqsi' qa'siyetlerdi sin'diriwge wo'zlerin sonday bolsam degen a'rmanlarg'a beriledi. Yertekler balalarda ha'r qi'yli' na'rselerge qi'zi'g'i'wshi'li'qlari', alg'a umti'li'wi', wo'zleride usi'nday bir na'rselerdi woylap tabi'li'wlarg'a imkaniyatlar woyati'wi' mu'mkin. Bizler ta'rbiyalp ati'rg'an balalar arasi'nda qi'zi'g'i'wshan', shaqqan, yepshil, ziyrek, balalar ju'da' ko'p ha'm usi' yertekler balalarg'a tu'rtki boli'wi' da mu'mkin.

Balalarg'a yerteklerdin' payda boli'wi' tariyxi'nda ayti'p wo'tiw wori'nli'. Yertekler wo'zinin' payda boli'w tariyxi'na iye. Soni'n' kishkene a'jayi'p ha'diyseler haqqi'nda yertekler yen' a'yyemgi da'wirlerde pay bolg'an. Degen menen waqi'tti'n' wo'tiwi menen wolarg'a son'g'i' da'wir ko'rinislerinin' qosi'li'wi' da zan'li' qubi'li's. Yerteklerde balalardi'n' ta'biyatqa, ja'miyetke, jeke wo'mirge ko'z-qarasi' wori'n ali'wi' menen birge ba'rinen de buri'n wolarda wo'mirge qi'zi'g'i'wshi'li'g'i', alg'a umti'li'wi' payda boladi'. Sonli'qtan, yerteklerdi analiz yetkende yertektin' bag'dari'na qaray analiz yetiw

za’ru’r. Bul ka’ramatli’ ku’shler kimge ko’mek beredi, ne ushi’n bul waqi’yani’n’ qaharmanlarg’a qatnasi’, wolardi’n’ jaqsi’li’q ha’m jamanli’q ta’repleri ha’m tag’i’ basqa jaqlari’ gu’rrin’lerde analiz yetkendey boli’p keledi.

Baslawi’sh klasslarda ko’binese haywanatlar haqqi’ndag’i’ yertekler wo’tiledi. Balalarda sol sebepli ko’birek haywanatlarg’a, quslarg’a qi’zi’g’adi’. Al, ayi’ri’m balalar u’ylerinde iytlerdi, pi’shi’qlardi’, ha’r qi’yli’ quslardi’, akvariumlarda bali’qlardi’ saqlaydi’. Solay yetip, yerteklerdin’ bir topari’n haywanatlar haqqi’ndag’i’ yertekler quraydi’.

Bul topardag’i’ yerteklerdin’ basqa topardag’i’ yerteklerden wo’zgesheligi sonda, wol da bolsa bulardi’n’ qaharmanlari’ni’n’ derlik barli’g’i’ haywanatlar boli’p keledi. Yerteklerde haywanatlar adamlarday boli’p qatnasadi’. Haywanlardi’n’ turmi’sta bunday bolmaytug’i’nli’g’i’n, so’yley almaytug’i’ni’n balalar jaqsi’ biledi, biraq haywanatlar wondag’i’ waqi’yalarg’a toli’q qatnasi’p woti’radi’. Balalar usi’nday yerteklerge tez tu’sinedi ha’m wolardi’n’ ayti’p, so’ylep, woqi’p beriwinde de qolayli’. Sonli’qtan, bul yertekler da’slep 1-2-klasslarda woqi’wg’a ko’birek usi’ni’ladi’. Solay yetip, haywanatlar haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ basli’ obrazlari’n tu’lki, qoraz, shag’al, qasqi’r, g’arg’a, ti’shqan, qoy, yeshki, wo’giz, tu’ye, ari’slan, jolbari’s, at, qurbaqa, qoyan, bo’dene, ayi’w ha’m.t.blar quraydi’. Yertekti do’retiwshiler bul haywanlardi’n’ ha’r qaysi’si’nda adamlarg’a ta’n anaw yaki mi’naw qa’siyetti ko’re bilgen. Sonli’qtan wolardi’n’ obrazlari’ arqali’ jaqsi’ menen jamandi’, aqi’lli’ menen aqmaqti’, ku’shli menen a’zzini, qarqaq penen bati’rdi’, aq ko’kirek penen sumdi’, jalqaw menen miynet su’ygishti, a’dillik penen a’dilliksizlikti, saran’li’q penen tapqi’shli’qti’ qi’sqasi’ unamli’ qa’siyet penen unamsi’z qa’siyetlerdin’ talas-tarti’si’n turmi’sli’q tiykarda quri’p yen’ jaqsi’ qa’siyetlerdin’ u’stemligin, jen’isin, arti’qmashli’g’i’n sheberlik penen bayanlag’an. A’lbette, bul yerteklerdin’ barli’g’i’ da belgili bir tariyxi’y da’wirde do’regen.

Wolardi’n’ do’regen da’wirlerin ha’zirinshe ani’qlaw qi’yi’n. Duri’si’nda geyparalari’ni’n’ mazmuni’na qarap sha’rtli tu’rde belgili da’wirge socialli’q wortali’qqa jatqari’w mu’mkin, biraqta uli’wma alg’anda haywanat obrazi’ arqali’ adamlar turmi’si’na woni’n’ unamli’, unamsi’z tamanlari’n so’z yetetug’i’n yerteklerdin’ bir da’wir menen sheklenbey ko’p da’wirlerdi wo’z ishine qamti’ytug’i’ni’, ha’tteki bizin’ ku’nimizde de wolardi’n’ a’hmiyetin joyi’tpag’ani’ gu’mansi’z. Sonli’qtan, bul tiptegi yerteklerdin’ woqi’w qurallari’nan, teatr saxnalari’nan, televizor ekranlari’nan, radiodan wori’n ali’wi’, ideyali’q ha’m ko’rkemlik jaqtan g’ana yemes, uli’wma estetikali’q ta’sir ku’shinin’ ha’m ko’riwshiler menen ti’n’lawshi’larg’a qoni’mli’li’g’i’n, turmi’s haqi’yqatli’g’i’n, qi’zi’qli’ ha’m jen’il tu’sinip ali’wshi’li’g’i’nan bolsa kerek.

Haywanatlar haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ qolayli’ jag’i’ ji’rtqi’sh qasqi’r, hiyleker tu’lki, qorqaq qoyanlar haqqi’ndag’i’ yerteklerde ji’rtqi’sh qasqi’rdi’ jawi’z adamg’a, hiyleker tu’lkini-hiyleker, sumli’q woylaytug’i’n adamg’a, qorqaq qoyandi’-a’zzi, qorqaq, adamlarg’a megzep tu’sindirip beriw. Balalarg’a bunday jollarg’a barmawi’n, bunday islerge qol urmawi’n, adamlarg’a jamanli’q woylamawi’n ayti’p wo’tiwimiz kerek.

Haywanatlar obrazi’ arqali’ su’wretlenetug’i’n yerteklerde geyde tek hawanlardi’n’ ha’reketine, wolardi’n’ ta’g’dirine baylani’sli’ waqi’yalarda az wori’n almaydi’. Bul haywanlardi’n’ belgilewde adamlardi’n’ woylap tapqan yen’ wo’tkiri yumorli’q woylari’n ayqi’n bayan yetip beredi. Haywanlardi’n’ mi’sal retinde ali’p yertek do’retiw uzaq da’wirlerden baslang’an boli’wi’ mu’mkin. Bul yerteklerde totemizm dinine baylani’sli’ boli’wi’ da, bolmawi’ da mu’mkin. Haywanlarda, adamlarda bir janli’ zat degen yeski tu’siniklerge baylani’sli’da bul tiptegi yertekler do’rew mu’mkin. Degen menen haywanlardi’n’ bu’gingi ku’ni a’debiyatta, a’sirese balalarg’a arnalg’an a’debiyatlarda bekkem wori’n ali’wi’, obrazli’ woylawdi’n’ buri’nnan son’g’i’ kiyati’rg’an yen’ tiykarg’i’ obekti boli’p qa’lipleskeninen derek beredi.

Juwmaqlap aytqanda, adamlar turmi’si’nda haywanatlar obrazli’ menen su’wretlenetug’i’n yertekler awi’zeki xali’q prozasi’nan yen’ suli’w, yen’ wo’tkir, yen’ i’qsham do’retpeler boli’p yesaplanadi’.

Al, yerteklerdin’ yen’ son’g’i’ topari’ bul turmi’s yertekler boladi’. Turmi’sqa baylani’sli’ yertekler a’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yamasa haywanat du’nyasi’na baylani’sli’ yerteklerge qarag’anda turmi’sqa, wo’mirge biraz jaqi’nli’g’i’ menen ayri’li’p turadi’. Usi’ jag’i’ wolarda basi’mraq su’wretlenedi. Degen menen bul yerteklerde de joqari’dag’i’ yerteklerdin’ ko’rinisleri ushi’rap woti’radi’. Bul yerteklerdin’ ati’ni’n’ wo’zi-aq ko’p na’rselerdi an’lati’p turadi’. Mi’sali’: «A’dil patsha», «Jarli’ni’n’ qi’zi’», «Aq kewilli jigit», «Wo’jet bala», «Ku’nlikshi», «Jetim qi’z», «Aqmaq qati’n», «Yeki dos» h.t.b. turmi’s yertekleri dep biz sha’rtli tu’rde atap wo’temiz. Bul du’rkindegi yerteklerde de shayi’r a’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yamasa haywanatlar du’nyasi’ haqqi’ndag’i’ yerteklerde adam turmi’si’, wo’mirine baylani’sli’ jag’daylardi’n’ bolatug’i’ni’n yesten shi’g’ari’wi’mi’z kerek. A’lbette, turmi’sqa baylani’sli’ yerteklerde adam wo’miri, adam turmi’si’ni’n’ geypara ta’repleri ken’irek su’wretlenetug’i’ni’ bayqaladi’. Turmi’s yerteklerinde adam wo’mirinin’ ha’r qi’yli’ ta’replerine kewil bo’linip woti’radi’. Wonda biz aqi’lli’, aqmaq, a’dil ha’m zuli’m patshalardi’ aqi’lli’ ha’m nadan, baylardi’, dana ha’m sada ata-analardi’, so’zine berik ma’rt jigitlerdi, woylap tapqi’sh, bilgir hayallardi’, heshkimnin’ yadi’na tu’speytug’i’n so’zlerdi tabatug’i’n sheshen, bilimli, jetim-qi’z, jetim balalardi’, an’qaw ha’m an’qi’ldaq, aqi’lli’ g’arri’lardi’ hayran qalarli’q ko’rkem so’zlerdin’ ustasi’ shopanlardi’ ko’remiz.

Duri’si’n aytqanda, bul du’rindegi yerteklerde aqi’lli’li’q penen aqmaqli’q, bilimlilik penen nadanli’q, tapqi’rli’q penen topasli’q, a’dillik penen zuli’mli’q, jaqsi’li’q penen jamanli’q, tuwri’li’q penen uri’li’q, suli’wli’q penen ba’dbesherlik qi’sqasi’ adam wo’mirinin’ unamli’ ta’repleri menen unamsi’z ta’replerinin’ mudam shayqasi’, wolar arasi’nda udayi’na boli’p turatug’i’n

qarama-qarsi’li’q so’z boladi’. Turmi’s yertekleri adam wo’mirinin’ bul qubi’li’slari’n qi’yi’nnan-qi’yi’sti’ri’p, qi’sqa ha’m a’piwayi’ suli’w ha’m tu’sinikli til menen bayanlawg’a bag’darlang’an turmi’s yerteklerinde syujettin’ i’qshamli’, obrazlardi’n’ wonsha ko’p bolmawi’, waqi’yani’n’ tez baslani’p, tez rawajlani’wi’ waqi’yani’n’ shiyelenisiwinin’ uzaqqa sozi’li’wi’, pikirdi wo’tkirlestiriw ushi’n naqi’l-maqallardi’n’ tag’i’ basqa ko’rkem su’wretlerdin’ isletiliwine ayri’qsha di’qqat awdaradi’.

Ha’r bir ertekte adam woyi’ni’n’ ushqi’rli’g’i’. tapqi’rli’g’i’, syujet qi’di’ri’wda, obraz do’retiwde ko’rkem so’z qurawda sheberligi ko’zge taslanadi’. Ha’r bir yertekti ko’rkem so’z benen islengen bir imarat dese boladi’. Yerteklerde ko’rkem so’z qurawda adam woyi’ni’n’ sheksizligi sonshelli haqi’yqattanda tan’ qalasan’. Turmi’sqa baylani’sli’ qaysi’ yertekti alsaqta «Yeki dos», «Aqi’lli’ g’arri’», «Aqi’lli’ bala», «Baylardan haqi’si’n alg’an bala» qi’sqasi’ qaysi’si’n tan’lawg’a ali’p qarasaqta jaqsi’ menen jamanni’n’, aq penen qarani’n’, a’dillik penen a’dilsizliktin’ gu’resin ko’remiz. Ha’r bir usi’ yertekler menen tani’sqan adamg’a sabaq alatug’i’n na’siyatti’ bayqaymi’z. Sonli’qtan mug’allim usi’ wori’nlarg’a kelgende sheberlik penen woqi’p, woqi’wshi’ni’n’ ju’reginde usi’ jen’isti sezip qaldi’ri’wg’a ti’ri’si’w kerek. Bul jag’i’nan ali’p qarag’anda jas balalarg’a, yerteklerdin’ ideyasi’n, ta’rbiya berip bari’w ushi’n yen’ qolayli’ folklorli’q material.

Ha’r bir yertek wo’zine ta’n ko’rkemlik wo’zgeshelikke iye. Woni’n’ baslani’wi’ waqi’yani’n’ shiylenisiwi, sheshiliwi, pitiwi wo’z aldi’na bir wo’zgeshelikler menen beriledi. Yerteklerdin’ baslani’wi’nda «Buri’ng’i’ wo’tken zamanda», - dep baslanadi’. Yertekte qatnasqanlardi’n’ ha’r qaysi’si’ni’n’ so’zi, ha’r qaysi’si’ni’n’ ha’reketi boladi’. Yertektin’ mazmuni’nda xali’qti’n’ naqi’l-maqallari’ da ko’p wori’n alg’an. Ha’r qi’yli’ sha’rtler, illi so’zler, astarli’ so’zler, jumbaq waqi’yalar, ka’ramatli’ na’rseler yerteklerdin’ mazmuni’na ta’n boli’p keledi. Yerteklerdin’ qaharmanlari’ buri’ng’i’ da’wirde tasti’yi’qlang’ani’nday xan ha’m qara, bay ha’m jarli’ boli’p

bo'linip joqarg'i' klass jaman, al to'mengi klass jaqsi' degen ta'liymat haqi'yqati'nda da, yerteklerdin' mazmuni'na juwap bermeydi. Baydi'n' da jamani' ha'm jaqsi'si', jarli'ni'n' da jaqsi'si' ha'm jamani' yerteklerde so'z yetiledi. Sonli'qtan biz, yerteklerde klassli'q ko'z qarastan yemes al uli'wma adamgershilik jaqsi'li'q-jamanli'q, aq-qara ko'z-qarasi'nan u'yreniwimiz kerek. Yerteklerde so'z yetilgen waqi'yalardi'n' kewildegidey «maqset-muradi'na jetip» tamam boli'wi'da usi' jani'rdag'i' xali'q do'retpesinin' wog'ada teren' bahali'li'g'i'nan derek beredi. Soni'n' ushi'n biz balalarg'a yertekler haqqi'nda sabaq wo'tsek maqsetke muwapi'q boladi'.

Balalarg'a yerteklerdin' ko'birek jaqsi' tamanlari'n u'yretiwdi, wolardan u'lgi ali'wdi', keleshekte sizlerde usi'nday jaqsi' na'rselerdi u'yrenip shi'g'i'wi'na ja'rdem beredi. Usi' yertektin' ta'replerine jaman ko'zqarasta boli'p, wonday a'detlerdi wo'zlerinen ali'p taslawg'a, unamli' ta'replerin sin'diriwge uri'nadi'. Sonday-aq, bala yertekten tek ta'rbiyali'q ta'repleri g'ana yemes, al o'nerge ka'sipke degen qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'da artadi'. Bala usi'ni'n' na'tiyjesinde wo'zin usta, zerger, diyxan, gu'lalshi' h.t.b. ka'siplerge wo'zin bag'darlaydi'. Baslawi'sh klasslarda yerteklerdin' a'hmiyeti mine usi'lardan ibarat.

Mug'allim yerteklerdi wo'tkende mi'nalardi' aldi'na wazi'ypa yetip qoyi'w kerek. Yerteklerdi to'mendegi basqi'shlar menen wo'tiw usi'ni's yetiledi.

1. Mug'allim yertektin' si'pati'na qaray woti'ri'p, qatnasatug'i'n qaharmanlardi'n' ta'biyati' menen tani'sti'ri'w mu'mkin. Mi'sali', yertektegi haywanatlar menen quslardi'n' so'ylesiwi, al negizinde wolar so'ylew mu'mkinshiligine iye yemes, buni' balalar jaqsi' biledi. Sonli'qtan mug'allim haywan, quslar haqqi'nda, wolardi'n' ta'biyati' ku'n ko'risi, jasaw sharayati' tuwrali' tu'sinik beredi. Bul jag'day woqi'wshi'lardi'n' wolar haqqi'nda toli'q tu'sinikke iye boli'wi'na mu'mkinshilik beredi.

2. Mug’allim ta’repinen yertek ko’rkem yetip woqi’ladi’, ya ayti’p beriledi (yeger diafilm, woni’ ko’riw, yamasa wolar boyi’nsha islengen su’wret, illyustraciyalar, ko’riw arqali’ janli’ yetip ayti’p beriw);

3. Woqi’wshi’lardi’n’ da’slepki tu’sinigin ani’qlaw maqsetinde yertektin’ mazmuni’, birinshi alg’an ta’sirleri boyi’nsha soraw-juwap wo’tkeriw;

4. Geyde mug’allim yertektin’ mazmuni’ boyi’nsha gu’rrin’ analiz wo’tkeriw;

5. Ta’sirli woqi’wg’a tayarli’q (ishten, ya dawi’slap woqi’p shi’g’i’w);

6. Yerteklerdi abzacqa ya bo’limlerge bo’lip woqi’w;

7. Rollerge bo’lip woqi’ti’w;

8. Ayri’m jag’daylarda yertektin’ mazmuni’na i’layi’q ha’r qi’yli’ do’retiwshilik jumi’slar islew;

Mine usi’lardi’n’ ba’rin inabatqa ali’p, 3 ta’reptegi yerteklerdin’ biri a’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerge toqtaymi’z.

## II bap. A’jayi’p ha’diyseler haqqi’nda yerteklerdi wo’tiw usi’li’

A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerdi qaraqalpaq folklorshi’lari’ bul tiptegi yerteklerdi «qi’yali’y», «fantastikali’q», «si’yqi’rli’» dep atap ju’r.

Bul tu’siniklerdin’ barli’g’i’ derlik yerteklerdin’ haywanat du’nyasi’na son’g’i’ da’wirdegi adamlardi’n’ turmi’si’na arnalg’anlardi’n’ ha’mmesinede tiyisli. Sonli’qtan, biz qi’yali’y dep atali’p ju’rgen yerteklerdi duri’si’nda yerteklerdin’ ha’mme tu’ri «qi’yali’y, a’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yertekler» dep atadi’q. Bulay ali’wi’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ sebebi rus folklori’nda qa’liplesken «Volshebnoe skazki» degen termin boldi’. A’lbette, qon’si’las xali’qlarda bul termindi «si’yqi’rli’» dep atawshi’lar bar. Qaraqalpaqsha tu’sinikte «si’yqi’rli’», «si’yqi’rshi’» degenler «ko’z boyawshi’», «duwaxan» degen ma’nilerge tuwra keledi. Usi’ ko’z qarastan «Volshebnoe skazki» terminin «A’jayi’p ha’diyseler haqqi’nda yertekler» dep alg’ani’mi’z ma’nilik jaqtan anag’urli’m duri’sli’qqa keledi. Al, ha’zirge shekem jiyi paydalani’p ju’rgen «qi’yali’y yertekler» termindegi «qi’yali’y» degennin’ wo’zi barli’q yertek atawli’g’a ta’n yekenin, al so’z yeteyin dep woti’rg’an tu’rdegi yerteklerdin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin qamti’y almaytug’i’ni’n ayti’w kerek.

A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerde tiykari’nan adamlar menen birge da’wler, periyler, a’jdarxalar, ji’lanlar, ka’ramatli’ quslar, a’sirese suymuri’q, ka’ramatli’ terekler, ag’ashlar, tayaqlar, aynalar, qi’li’shlar, almalar, duwaxanlar, ma’stan kempirler, suwdi’n’, tasti’n’, ag’ashti’n’ so’ylewi, tasti’n’ ushi’wi’, ushar gilemler, awqatli’q zatlardi’ tayar yetetug’i’n da’sturxanlar ha’m tag’i’ basqa usi’g’an uqsag’an ha’diyselerdi bul yertekte bayqaymi’z. A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ mazmuni’, ideyali’q bag’dari’, quri’li’si’, obrazlari’ haqqi’nda teren’irek tu’siniw ushi’n wolardi’n’ syujetlik wo’zgesheliklerine di’qqat awdarsaq wog’ada qi’zi’q su’wretlerdi ko’z

aldi'mi'zg'a keltiremiz ha'm wolarg'a analiz jasaymi'z. Mi'sali': «Bala ta'wip»[2] yertegin ali'p qaraymi'z.

**«Bala ta'wip yertegi»**. Bayag'i'da bir kempir menen g'arri' bolg'an yeken. Woni'n' bir balasi' boli'pti', bul g'arri' balasi'n jeti jasi'nda mollag'a apari'p, jeti ji'l woqi'tadi'. Sonda da, balasi' bir ha'rip bilmey shi'g'adi'. Sonnan keyin g'arri'ni'kine bir kitap ashatug'i'n adam keledi, sol kitap ashatug'i'n adamg'a kitap ashti'rsa, «Senin' bir balan' bar yeken, wol jeti jurti'n' tilin biledi yeken» - deydi. Sonnan keyin g'arri' buni'n' so'zine isenip balasi'n tag'i' jeti ji'l mektepke beredi. Balasi' buri'ng'i'danda beter geshshe boladi'. Sonnan keyin g'arri' balasi'na «Yendi shi'rag'i'm men bolsam qartaydi'm, sen jeti jurtti'n' tilin biledi degen menen 14 ji'l woqi'tti'm, yendi talap qi'li'p bizlerdi asi'ra», - deydi. Sonnan keyin balasi' talap qi'lmaqshi' boli'p, bir talapker yeki jigit penen talap izlep ketedi.

Bir neshe ku'n jol ju'rip, sharshap dem ali'p woti'rsa sopayi'p shi'qqan tasti'n' ushi'n ko'redi. Sol tasti' u'shewi qazsa, asti'nan bir tawsi'lmas pul shi'g'adi'. Worni' adam tu'sse shi'g'a almastay quyi' boli'p qaladi'. Balani'n' qasi'ndag'i' yeki jigit «kim usi' quyi'nni'n' tu'bine tu'sip qalg'an pullardi' ji'ynap alsa sog'an usi' pullardi'n' jarti'si'n beremiz», - deydi. Bala «men tu'semen», - deydi. Sonnan keyin balani' quyi'g'a tu'sirip, pullardi'n' ba'rin aldi'ri'p wo'zleri qashi'p ketedi. Bala sol quyi'da bir neshe ku'n boladi'.

Ku'nlerdin' bir ku'ninde balani'n' asti'nan woqpan shi'g'adi', bala sol woqpang'a tu'sip ketedi. Arjag'i'nda bala ko'p ji'landi' ko'rip qashayi'n dese jer tappay, qashpayi'n dese ji'lannan qorqi'p bala ji'laydi'. Sonda balag'a bir ji'lan kelip, yertip bir u'lken ji'lanni'n' qasi'na ali'p keledi. Wol ji'lan basi'n ko'terip ne qi'li'p ju'rsen' degen si'yaqli' basi'n yeksheydi, bala tu'sinbeydi. Sonnan keyin ji'lan balani'n' qoli'na bir tas uslatadi'. Sol waqi'tta bala ji'lanni'n' tiline tu'sinip, ji'lan menen so'ylese baslaydi'. Bala ji'lang'a ko'rgen bilgeninin' barli'g'i'n bayanlaydi'. Sonnan keyin ji'lan balag'a:

---

[2] Қарақалпақ фольклоры. «Бала тәуип». «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис, 1977. 134-бет.

- Wol pul bizlerdin’ za’ha’rimiz yedi, woni’ jegen adamni’n’ bel buwardan joqari’ jag’i’ bizin’ tu’rimizdey shubar boladi’. Yeger sol adamdi’ wo’ltirip qazang’a asi’p birinshi ret shi’qqan mayi’n ishken adam wo’ledi, al yekinshi shi’qqan mayi’n ishken adam jeti jurtti’n’ tilin bilip patsha boladi’, - deydi.

Sonni’ ayti’p ji’lanlar balani’ shi’g’ari’p jiberedi. Bala yeline kelip ta’wipshilik yetip ha’r kimnin’ tami’ri’n uslap ku’nin ko’redi.

Ku’nlerdin’ bir ku’ni sol yeldin’ ati’ shi’qqan zuli’m, jawi’z patshasi’ awi’ri’p sol patshag’a tu’rli ta’wipler yem berip patshani’ jaza almaydi’. Sonnan keyin bala ta’wipti aldi’ri’p tami’ri’n uslatadi’. Bul ta’wip patshag’a mi’na yemdi buyi’radi’; - Yeger yelin’nen tabi’lsa mi’naw yem sizge yem boladi’. Ji’lanni’n’ za’ha’rin jep ju’rgen adamdi’ qazang’a sali’p asi’p, birinshi shi’qqan mayi’n ishsen’iz jazi’lasi’z – deydi. Sonda patsha:

- Woni’ qalay tabami’z? – deydi.

- Yelin’nin’ barli’g’i’n ji’ynap, aldi’mnan wo’tkersen’iz men tani’yman – deydi.

Sonnan keyin patsha ha’mir yetip xalqi’n ji’ynap bala ta’wiptin’ aldi’nan wo’tkerdi. Bayag’i’ joldasi’ni’n’ birewinin’ yeti shubar yeken. Bala woni’ patshag’a yemge buyi’radi’. Sonnan keyin wol adamdi’ uslap wo’zin’ soyi’p, wo’zin’ as dep balani’ ta’wiptin’ qoli’na beredi. Sonda bala ta’wip wol adamdi’ soyari’nda: - Senin’ yetin’ nege shubar bolg’an deydi? Wol adam bayag’i’ waqi’yani’ bala ta’wipke ayti’p beredi, bala woni’ tani’p soyi’p qazang’a saladi’. Yet bir qaynag’annan keyin, betine shi’qqan qanli’ ko’bigin qali’qi’p bir kesege quyi’p patshag’a apari’p beredi. Sol zamattan aq patsha wo’lip, qati’p qaladi’. Sonnan keyin bala ta’wip yettin’ yekinshi mayi’n wo’zi ishedi, sol waqi’ttan baslap bala jeti jurtti’n’ tilin bile baslaydi’. Balani’ xali’q ji’yi’li’p patsha yetip qoyadi’. Bala patsha boli’p yelin a’dillik penen basqari’p murat maqsetine jetedi.

Bul ertekti 4-5 klass balalari’na sa’ykes dep woylayman. Yertekti ko’rkemlep, ta’sirli yetip woqi’p bergennen keyin mug’allim ju’da’ jaqsi’

sheberlik penen tu’sindirip beredi. Ha’r bir yertekti woqi’p, tu’sindirip bolg’annan keyin wo’z-ara pikir ali’si’p, unamli’, unamsi’z obrazlarg’a ayi’ra woti’ri’p analiz jasaymi’z. Yertekte bala sabaqtan to’men, ha’rip tani’masada unamli’ obrazda berilgen. Bala menen birge tabi’lg’an joldaslari’ bolsa, jalatay, ash ko’z yekenligin ko’rsetip wolardi’ unamsi’z obrazlarg’a bo’lgen. Bala joldaslari’ menen birge talap islewge shi’g’i’p ko’p na’rselerge joli’g’adi’, wolar bir tawsi’lmas bayli’qqa tap boli’p, wolardi’ ji’ynap aladi’. Bunda joldaslari’ni’n’ joqari’da ayti’p wo’tilgenindey jalatay yekenligin balalar ani’q aydi’n biledi. Sol joldaslari’ menen balani’n’ arasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’qti’ mug’allim sali’sti’ri’w joli’ menen tu’sindirip bergen maqsetke muwapi’q boladi’. Sebebi, balag’a ko’binese sali’sti’ri’w joli’ menen tu’sindirse bala wo’zine kereklisin ali’p unamsi’z, kereksiz na’rselerdi wo’zine qabi’l yetip almaydi’. Yertekte balani’n’ qasi’ndag’i’ yeki jigit woylasi’p «woyg’a kim tu’sip qalg’anlari’n alsa, sol adamg’a puldi’n’ ten’ jarti’si’n beremiz» - deydi. Adam tu’sse shi’g’a almaytug’i’n woyg’a tu’siwge qayi’l boli’p, «men tu’semen» - deydi. Balani’ tu’sirip qayti’p almastan qali’p ketedi.

Yeki jigittin’ so’zinde turmay aldap qashi’p ketkeni balag’a tabi’lg’an du’nyani’n’ jarti’si’ tu’we bir tu’yirinde bermey ketkenligi, bulardi’n’ ba’ri wa’desine turmay, wopasi’zli’g’i’, unamsi’z qa’siyetlerdi, woqi’wshi’larg’a bir-birewin’izdi aldawg’a so’zinde, wa’desinde turmaw bul jaman qa’siyet yekenligin tu’sindirip wo’tsek ju’da’ wori’nli’ boladi’.

Ji’lanlardi’n’ balag’a, beriwi, wolardi’n’ tilin tu’sinip ali’wi’ sol quyi’da ju’z beredi. Balani’n’ qoli’na ji’lan bir tas beredi, sol waqi’tta ji’lanni’n’ tiline tu’sinedi. Bul tas bir karamatli’ tas yekenligin yertekte su’wretlep turi’pti’. Ha’r bir adam tasti’ uslag’ani’ menen ji’lanni’n’ tiline tu’sine bermeysen’. Soni’n’ ushi’nda bul yertekte a’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yertekler topari’na kirgizgen. Bul adamlardi’n’ woyi’nda, qi’yali’nda g’ana su’wretlengen. Keyin yertekte jaman bala menen so’ylesip, barli’g’i’n ayti’p beredi. Ji’lan sol adamdi’ wo’ltirip qazang’a asi’p, mayi’n birinshi ishken adamg’a, al yekinshi ishken

adamg’a ne bolatug’i’ni’n ayti’p beredi. Balani’ ji’lanlar shi’g’ari’p jiberedi. Bala ta’wipshilik isin dawam yettire beredi. Sol yeldin’ zuli’m patshasi’ awi’ri’p hesh bir yem payda berip ju’re almaydi’. Bala ta’wip bari’p tami’ri’n uslaydi’. Bala bayag’i’ ji’lanni’n’ aytqan adami’n patshag’a ayti’p tapti’radi’. Bala sol adamnan nege bulay bolg’ani’n sorap, bayag’i’ qasi’ndag’i’ joldasi’ yekenin bilip woni’ soydi’ri’p, qazang’a asi’p birinshi qan aralas ko’bigin patshag’a beredi, patsha sol waqi’tta zirildep wo’ledi, al yekinshi mayi’n wo’zi iship jeti jurtti’n’ tilin biletug’i’n boli’p sol yelge a’dil patsha boladi’. A’ne, bala ja’bir shegip qi’ynalg’ani’ menen wo’zinin’ aqi’lli’g’i’ menen bir yelge patsha boladi’, bala patsha boli’p yelin a’dillik penen basqaradi’.

**«Nan ha’m alti’n».**[3] Buri’ng’i’ wo’tken zamanlarda Abbos atli’ bir kambag’al adam jasag’an yeken. Wol bir tislem nan tabi’w ushi’n azannan keshke shekem qara miynetke bati’p jumi’s isler yeken. Qoli’ biraz bosag’an waqi’tlari’ bolsa «qa’ne bir g’a’ziyne tawi’p alsam», - dep shiyrin qi’yallar su’redi yeken. Ku’nlerdin’ bir ku’ni wol dalada jumi’stan sharshap, jaziyrama i’ssi’dan sho’llep biraz sharshag’ani’n shi’g’ari’p terektin’ tu’bine bari’p woti’ri’pti’. Sonda wol «A’y qudayi’m, mag’an sonday bir si’yqi’rli’ ku’sh qu’diret berse, qoli’m tiygen zatti’n’ ha’mmesi alti’ng’a aylani’p qala berse. Sonda menen rahat ha’m qurg’i’n turmi’s keshirer yedim, qara miynetten quti’lar yedim» - dep arman qi’li’pti’. Abbos usi’lar haqqi’nda qi’yal su’rip woti’rg’an waqi’tta bir dawi’s yesitilipti.

-A’y Abbos! sen ha’zir neni arzi’w qi’lg’an bolsan’, niyetin’e jetesen’. Bir na’rsege qoli’n’di’ tiygizgeni menen da’rhal alti’ng’a aynali’p ketedi depti. Abbos wo’z qulaqlari’na isenbepti. Sonda da jerden bir tasti’ alg’an yeken, tasqa qoli’ tiyiwi menen tas alti’ng’a aynali’pti’. Abbos basqa taslarg’ada qoli’n tiygizip ko’ripti, wolarda alti’ng’a aylana beripti, aylana beripti. Abbos bunnan ju’da’ su’ysinip ketipti ha’m bir reje du’zipti, «ha’zir sha’ha’rge baramanda taslardi’ bir jerge ji’ynap ba’rin alti’ng’a aylandi’raman» - dep woylapti’. Keyin

[3] Жумабаев М. Болалар адабиёти. «Нон ва тилла». Тошкент, «Ўқитувчи». 2002. 23-бет.

ju'da' ko'p jer sati'p ali'p, da'rya boyi'nan u'lken saray sali'p a'tirapi'na bag' qi'li'pti', yen' shapqi'r atti' minip kiyimlerimde hasi'l boladi' dep woylapti'. Wol sonday shiyirin arzi'wlar ha'm rejeler menen worni'nan turmaqshi' bolg'an yeken, biraq ashli'qtan, ha'lsizlikten worni'nan tura almapti'. Sonda, Abbos «U'yimnen a'kelgen tu'sligimdi jey qoyayi'n» - dep terektin' qasi'nda turg'an tu'yinshigine qoli'n sozi'pti'. Wol bir bo'lek nandi' awzi'na sali'wi' menen tislerine qatti' na'rse bati'pti'. Awzi'nan ali'p qarasa, nan da alti'ng'a aynali'pti'. Tu'yinshigi ishinde piyazda bar yeken, Abbos woni' asi'g'i'p-u'sigip qoli'na ali'pti'. Qarasa piyazda alti'ng'a aynali'pti'. Abbos ju'da' qorqi'p ketipti. Aqi'ri', ha'mme jeytug'i'n na'rsenin' barli'g'i' alti'ng'a aynala berse, wol ashtan wo'ledi g'o!

Ha'mme jag'i' alti'ng'a ko'milip ketse, jewge hesh na'rse bolmasa? Bul qanday ga'p boldi'? Bir waqi'tta Abbos ko'zin ashsa terek tu'binde qi'yal su'rip uyi'qlap ketken yeken. Wol jen'il dem ali'p worni'nan turadi'. Jelkesinen taw awdari'lg'anday boladi'. Bulardi'n' ba'ri tu'si yekenligine quwani'p ketedi.

Mine, solay yetip, bul yertektegi balani'n' a'rmani', bir tislem nan ushi'n azannan keshke shekem zorg'a miynet yetetug'i'n, ha'mme na'rse miynet arqasi'nda bolatug'i'ni'n ayri'qsha ayti'p wo'tiwimiz kerek. Sizlerdin' aran'i'zda da yerinshek, jalqaw balalar barma? Ha'mme miynet yetiwimizdin' na'tiyjesinde jen'iske, bayli'qqa yerisemiz, shaqqan-yepshil boli'mi'z kerek – dep tu'sindiremiz. Yertektegi jigittin' tu'sin ali'p qaraytug'i'n bolsaq, bala ha'mme na'rselerdi uslasa alti'ng'a aynali'p ketedi. Bunday miynetsiz tabi'lg'an bayli'q, qoli' tiygen zatti'n' ba'ri alti'ng'a aynala berse, wol hesh jeytug'i'n na'rse taba almay ashtan wo'letug'i'nli'g'i'n an'lap jetedi. Bala buni'n' ba'ri tu'si yekenligine su'ysinip quwani'p ketedi.

Abbos wo'zinin' miyneti arqasi'nda nan jep woti'rg'ani'na quwani'p, yendi wol miynetim awi'r dep nali'may, bunday tegin bayli'qti'n' kerek yemesligine ko'zi jetedi. Yendigi jag'i'nda miynet penen ku'n ko're beriwine qarar qi'ladi'.

Mug'allim balalarg'a, xadal, pa'klik, miynetkeshligi, u'lkendi hu'rmet, kishini izzet, mulayi'mg'a boli'wg'a, ha'r bir yerteklerdi basqa taqi'ri'plardi' wo'tip ati'rg'anla ayti'p wo'tiw za'ru'r. Miynetkesh xali'q barli'q waqi'tta miyneti arqali' ku'n keshirgen, ko'binese ashli'q jupi'ni'li'q, wolardi'n' bir wo'mir qasi'nda bolg'an. Uzaq tu'nleri bir birewlerin jubati'w, kewillerin ko'teriw maqsetinde yertekler ayti'sqan. Xali'q toqi'g'an yertekler ayti'sqan. Xali'q toqi'g'an yertekler wo'nimli miynet qi'li'w, perzent ra'ha'tin ko'riw, baxi'tli' boli'w uqsag'an qa'siyetlerdi yertekler qatari'na kirgizip a'rman yetken. Worni' kelgende birden u'lken bayli'qti' qolg'a kirgizip, yel jurtti', bay da'wletlilerdi tan' qaldi'rg'an. Miynetkesh xali'qti' arzi'w a'rmanlari'n wori'nlasa dep woylap kelgen. «Alti'n g'arbi'z»[4] yertegide tap usi'nday arzi'w niyet penen toki'lg'an.

**«Alti'n g'arbi'z» yertegi**. Bir bar yeken, bir joq yeken. Wo'tken zamanda bir kambag'al diyxan bolg'an yeken. Woni'n' tek bir tanap g'ana jeri bar yeken, diyxan sol jerde ku'ni-tu'ni ti'nbay miynet qi'li'p ku'n ko'rer yeken. Ba'ha'r kelip qali'pti'. Diyxan jer su're baslapti'. Jerdi yeski ma'rte su'rip boli'p, da'rya boyi'nda dem ali'p woti'rsa aspannan ushi'p kiyati'rg'an bir la'ylek ji'g'i'li'p tu'sipti. Diyxan qarasa, la'ylektin' qanati' si'ni'q yeken. Diyxan la'ylekti da'rhal u'yine ali'p kelip, si'ni'q qanati'n du'ziwlep baylapti', bir qansha waqi't woni' bag'i'pti'. La'ylek ta'wir boli'p ushi'p ketipti. La'ylekke qayta wo'mir bag'i'shlag'an diyxan bir na'rseden u'mit yetpepti. La'ylek ushi'p ketip barati'ri'p, diyxanni'n' jerine g'arbi'zdi'n' tuxi'mi'n taslap ketipti. Diyxan buni' ko'rip, woni' yegip, waqti'nda suwg'ari'p, jaqsi' islew berip wo'siripti. Diyxan bir pa'rshe nani'nda qon'si'-qobalari', ag'ayi'n tuwg'anlari' menen bo'lisip jeytug'i'nli'g'i' sebepli, g'arbi'zdi' piskennen keyin wolardi' u'yine miymang'a shaqi'ri'pti'. Ha'mmesi ji'ynalg'annan keyin, diyxan g'arbi'zdi'n' u'shewin u'zip u'yine a'kelipti. Bir waqi'tta g'arbi'zg'a pi'shaq ursa dari'lmapti', yekinshisin de ko'ripti, wolda jari'lmapti'. Solay yetip, u'shewide

[4] Болалар адабиёти. «Алтын ғарбыз».Т., «Ўқитувчи». 2001. 31-бет.

jari’lmag’annan keyin, birewin jerge uri’p jari’pti’. Diyxanda, miymanlarda hayran qali’pti’. Qarasa, g’arbi’zdi’n’ ishi toli’ alti’nmi’sh. Qalg’an yeki g’arbi’zdi’ da jari’p qarasa, wolardi’n’ da ishi toli’ alti’nmi’sh. Kambag’al diyxan su’ysinip ketip, ha’mmesin miymanlarg’a bo’lip beripti, wolar da quwani’p u’ylerine qayti’pti’. U’sh tu’p g’arbi’zdi’n’ ha’r biri won g’arbi’zdan sali’pti’.

Diyxan qalg’an g’arbi’zlardi’ di’ ji’ynap ali’pti’, so’ytip ka’mbag’al diyxan ju’da’ bayi’p ketipti. Diyxan jaqsi’li’q qi’lg’ani’ sebepli, bayli’qqa iye bolg’ani’n yesitken bay, saw ju’rgen la’ylekti uri’p ataylap si’ndi’ri’p, u’yine apari’p yemleydi. La’ylek ta’wir bolg’annan keyin ushi’p barati’ri’p dalasi’na g’arbi’zdi’n’ tuxi’mi’n taslap ketipti. G’arbi’z piskennen keyin bay g’arbi’zdi’ jari’p ko’rse ishinen qabaq ha’rresi shi’g’i’p Baydi’ shag’i’p wo’ltiredi.

Mine solay yetip, «Alti’n g’arbi’z» yertegi balalarg’a sonday ibaratli’ Alti’n g’arbi’zdi’n’ bolmaytug’i’ni’n balalar ju’da’ jaqsi’ biledi, biraq balalarg’a bular buri’ng’i’ waqi’tlar sonday ash bolg’anli’g’i’ sebepli usi’nday na’rselerdi qi’yali’nda swlelendirip, a’jayi’p ha’diyselerge berilip yerteklerdi toqi’g’an. Biraq bulardi’n’ ba’ri birinshi gezekte, yertek miynettin’, diyxan wo’zinin’ jerine qayta-qayta islew berip qarap, yekinshiden quslarg’a degen g’amxorli’q, la’ylekti mayi’p qanati’n yemlep, woni’ bag’adi’, al u’shinshiden diyxanni’n’ ashko’zlikke barmay, bolmasa u’yinde jeytug’i’n na’rsesi bolmasada, woni’ soyi’p jep qoymay bag’adi’. Buni’n’ ba’ri balalarg’a jaqsi’ ta’sir tiygizedi. Balalarg’a yertekti woqi’p bergenimizde balalarda yertekke berilip ilhamlani’p wo’zleri de usi’nday boli’wg’a ti’ri’si’p woti’radi’.

Diyxan la’ylekti bag’i’p, woni’n’ yesesine, jaqsi’li’g’i’na, bunday yesapsi’z bayli’qqa iye bolaman dep ko’z aldi’na keltirmegen. La’ylekti wo’zi bag’i’p, wo’zi yemlese tuxi’mi’nan shi’qqan g’arbi’z ishindegi alti’nlardi’ miymanlarg’a bo’listirip bergen. Bunda diyxan ken’ peyilliligi, aq ko’krekliligi, qoli’, kewili ken’ligi ko’rinip tur. Balalarg’a buni’nda ta’sirli ku’shli boladi’. Qi’zg’anshaqli’q, si’qmarli’q degen qa’siyetlerdi joq yetiwge ti’ri’sadi’.

Baydi’n’ bolsa bilip, qastan uri’p ayag’i’n si’ndi’rg’ani’ bunda g’arbi’z ishinen alti’n yemes, qabaq ha’rre shi’g’i’p Baydi’ o’ltirgeni balalarda ayani’shli’ sezim woyatpaydi’. Al, kersinshe wolarda bunday adamlarg’a jaman ko’z-qarasta boladi’. Bay quslarg’a zi’yan keltiredi, bayli’q u’stine ja’ne yesapsi’z bayli’q qosi’w niyetinde la’ylektin’ ayag’i’n si’ndi’radi’. Bay wo’zinin’ jazasi’n ali’p wo’ledi. Balalar usi’ sebepleri ushi’n Baydi’ qaralaydi’. Balalar wo’zin bunday joldan ju’rmewge ti’ri’sadi’.

Wo’zbek xali’q yertegi «Ur toqmaq»[5] ali’p qaraymi’z. Bunda «Qaynar qumsha», «Ashi’l da’sturxan» bulardi’n’ ba’ri qi’yalda g’ana su’wretlenetug’i’n na’rseler. Usi’ yerteklerde «A’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’» yertekler topari’na kirgizemiz.

**«Ur toqmaq» yertegi**. Bir bar yeken, bir joq yeken, bir kempir menen g’arri’ bolg’an yeken. Wolar an’shi’li’q penen tirishlik yeter yeken. Bir ku’ni g’arri’ tuzaq qoyi’p woti’rg’an yeken, tuzaqqa bir u’lken la’ylek ilinipti. Juwi’ri’p bari’p woni’ tuzaqtan shi’g’arg’an yeken, la’ylek adamg’a uqsap so’z baslapti’:

- A’y g’arri’ men la’yleklerdin’ basli’g’i’man. Meni qoyi’p jiber. Ne tilesen’ sonni’ beremen. Menin’ ma’kani’m anaw turg’an tawdi’n’ arqasi’nda, «La’ylekbaydi’n’ u’yi qayda» dep sorasan’ ha’mme ayti’p beredi, - depti La’ylekbay. G’arri’ la’ylekti bosati’p jiberipti yertesine yertelep turi’p, La’ylekbaydi’n’ sawg’asi’n ali’p keliw ushi’n jolg’a shi’g’i’pti’. So’ytip bir jerge bari’p, bir toda qoy bag’i’p ju’rgen shopang’a dus kelipti. Wonnan:

- Bul qoylar kimdiki? dep sorapti’. Shopan:

- La’ylekbaydi’n’ – depti ha’m g’arri’ni’ jolg’a sali’p jiberipti. Shopan bir jerge bari’p, ji’lqi’ bag’i’p ju’rgen ji’lqi’shi’dan sorapti’:

- Bul ji’lqi’lar kimdiki?

- La’ylekbaydiki. G’arri’:

[5] «Балалар әдебияты». Т. «Ўқитувчи». 2001. 43-бет.

- La’ylekbay mag’an sawg’a wa’de qi’li’p yedi, ne sorayi’n? – degen yeken, ji’lqi’shi’:

- La’ylekbaydi’n’ bir qumshasi’ bar «Qayna qumsha» dese alti’n qaynap shi’g’adi’. Sol qumshani’ sora, - depti.

G’arri’ jeti ku’n jeti tu’n degende La’ylekbaydi’n’ u’yine jetipti. La’ylekbay sonda: - Yeger sa’lem bermesen’, juti’p jiberetug’i’n yedim, Sawg’ag’a kelgen shi’g’arsan’, qa’ne ne soraysan’? Sora – depti.

- Men sizden «Qayna qumshani’» sorayman, - depti g’arri’.

La’ylek biraz woylani’p turi’p, keyin g’arri’g’a bir tabaq alti’n bermekshi boladi’, g’arri’ bug’an ko’nbepti. Aqi’ri’ Qayna qumshani’ beripti. Ju’rip-ju’rip bir awi’lg’a jetipti. Bir u’yge kelip dem ali’p, biraz uyi’qlap almaqshi’ boli’pti’.

- Mi’na qumshag’a qarap turi’n’, men biraz dem alayi’n, lekin «Qayna qumsha», - dep ayti’p, wo’zi uyqi’g’a ketipti. U’ydin’ iyesi qayna qumsha dep baqi’rg’an yeken, qumshadan alti’n qaynap shi’g’a beripti, alti’nlardi’ asi’g’i’p-u’sigip ji’ynap ali’p woni’n’ worni’na basqa qumsha qoyi’p almasti’radi’. G’arri’ worni’nan turi’p qumshani’ ali’p kete beredi. U’yine kelip:

- Qa’ne kempir da’sturxan jay, ha’zir alti’ng’a bayi’p ketemiz deydi.

Kempir da’stu’rxan jayi’pti’, g’arri’ qumshani’ qoyi’p, «Qayna qumsha» dep baqi’ri’pti’ Qumshadan alti’n qaynap shi’qpapti’. G’arri’ ja’ne baqi’ri’pti’, shi’qpapti’. G’arri’ni’n’ ashi’wi’ kelip meni aldap basqa qumsha bergen yeken, ja’ne bari’p sawg’a sorayman depti.

G’arri’ yerte jolg’a shi’g’i’pti’, ji’lqi’shi’g’a: - La’ylekbay meni aldapti’, yendi ne sorayi’n depti.

– Ji’lqi’shi’:

- «Ashi’l da’stu’rxan»di’ sora, woni’ jayi’p «Ashi’l da’stu’rxan» desen’ ha’r tu’rli miywe, tag’amlar payda boladi’, - depti.

G’arri’ La’ylekbaydi’n’ u’yine kelip, sa’lemlesipti. La’ylekbay:

- Yeger sa’lemin’ bolmag’anda, seni juti’p jiberetug’i’n yedim, - depti.

G’arri’ ha’mme waqi’yani’ ayti’pti’, so’ytip g’arri’ la’ylekten «Ashi’l da’stu’rxandi’» sorapti’.

La’ylek biraz woylani’p turi’p sawasi’n berip jiberipti. G’arri’ jol ju’rip bayag’i’ dem alg’an u’yine kelipti. G’arri’ da’stu’rxandi’ u’y iyesine berip:

- Ashi’l da’stu’rxan dep ju’rme depti. So’ytip g’arri’ dem ali’p, uyqi’g’a ketipti.

U’ydin’ iyesi «Ashi’l da’stu’rxan» dep baqi’ri’p jiberipti, sol zamatta aq da’stu’rxan u’sti ha’r qi’yli’ miywe, tag’amlarg’a toli’p ketipti. Da’rhal da’stu’rxandi’ jasi’ri’p ali’p, sonday basqa da’stu’rxan qoyi’pti’. G’arri’ woyani’p da’stu’rxani’n ali’p kete beredi. U’yine bari’p jayi’p, «Ashi’l da’stu’rxan» dep baqi’rg’an yeken hesh na’rse shi’qpapti’. G’arri’ ja’ne qatti’ ashi’wi’ kelip yerterekten jolg’a tu’sedi. La’ylekbay meni tag’i’ aldag’an yeken dep woylapti’. G’arri’ tag’i’ ji’lqi’shi’ni’n’ aldi’na bari’p, wonnan ne sorayi’n depti.

- Ji’lqi’shi’:

- Senin’ dushpani’n’ ko’pke uqsaydi’, sen bari’p «Ur toqpaqti’» sora. «Ur toqpaq» desen’iz boldi’, aldi’n’i’zda kim bolsada sonni’ uri’p taslaydi’, - depti.

G’arri’ la’ylekbay menen sa’lemlesip, «Ur toqpaqti’» soraydi’.

- La’ylek:

- Yeger sa’lem bermegenin’de juti’p jiberetug’i’n yedim, - depti.

- «Ur toqpaq»ti’ alsan’ alag’oy, mag’an keregi joq, - dep berip jiberedi.

Ja’ne bayag’i’ tu’nep ju’rgen u’yine kelip, - dem ali’p alayi’n, sen Ur toqpaq dep ju’rme, - dey uyi’qlap qali’pti’. U’ydin’ iyesi buni’n’ qanday si’ri’ bar yeken dep,

- «Ur toqpaq» dep baqi’rg’an yeken. Toqpaq basi’, ko’zi demey ura beripti, ura beripti. Wolardi’n’ bay-baylag’ani’nan g’arri’ woyani’p ketipti.

- Ata ayti’n’, men sizin’ qumshan’di’ da, da’stu’rxani’n’di’ da beremen, tek mi’na toqpaqti’ g’ana toqtatsan’ boldi’, - depti. G’arri’ «Tur toqpaq» dep baqi’ri’pti’, toqpaq uri’wi’n toqtati’pti’. So’ytip g’arri’ qumshani’,

da’stu’rxandi’ ali’p u’yine qayti’pti’. G’arri’ qumshani’ wortag’a qoyi’p alti’nlar, da’stu’rxanda bolsa jetpis tu’rli awqatlar tayar boli’p, wolardi’ jep, ju’da’ quwani’shli’ boli’pti’.

Alti’nlardi’ g’arri’ jetim-jesirlerge, ka’mbag’allarg’a beripti. Sonday qi’li’p, g’arri’ menen kempir murat maqsetine jetipti. Bul yertekti balalarg’a rollerge, obrazlarg’a bo’lip woqi’p bersek. yamasa quwi’rshaq teatrlarda g’arri’ni’n’, kempirdin’, la’ylektin’, ashko’z iyesinin’ rollerin bo’lip balalardi’n’ wo’zlerine u’yretip woynatsaq ju’da’ qolayli’ boladi’. «Mi’n’ yesitkennen bir ret ko’rgen abzal» degendey woni’ woqi’p tu’sindirip bergennen qanday yertek bolsada quwi’rshaq teatrlarda ko’rsetsek, balalardi’n’ yeste saqlaw qa’bileti ku’sheyedi. Balalar bir ko’rgen na’rsesin umi’tpaydi’, woni’ u’lkeygenshe yesinde saqlap ju’redi ha’m sabaq na’tiyjeli, yeste qalarli’qtay boli’p wo’tedi.

Bul yertektegi g’arri’ni’n’ la’ylekke mehriban boli’p, woni’ ayap bosati’p jiberedi. La’ylek jaqsi’li’q qi’lg’ani’ ushi’n g’arri’ni’ wo’zinin’ yeline bari’p sawg’a beretug’i’ni’n aytadi’. G’arri’ ali’p kiyati’rg’an sawg’alari’na u’yinde qondi’ri’p almasti’ri’p ali’p qali’w, bul g’arri’ jamanli’q qi’li’w, nesiybesin qi’rqi’w, ko’rip, yesitip woti’ri’p wolarg’a jaqsi’ adamlarg’a mehir muhabbat, jaman adamlarg’a qa’ha’ri woyanadi’.

Usi’nday waqi’yalardi’n’ na’tiyjesinde bala ha’r qi’yli’ unamli’ islerge, bir-birewge, haywanatlarg’a, quslarg’a ja’rdem beriwge uri’nadi’. Unamsi’z waqi’yalarg’a bolsa, jaman joldan ju’rmey, jamanli’q qi’lmay, wo’tirik so’ylemey, woni’ aqi’beti jaqsi’ bolmaytug’i’ni’n, ba’ri bir ha’r bir iste jaqsi’li’qti’n’, haqi’yqatli’qti’n’ jen’ip shi’g’atug’i’nli’g’i’na ko’zi jetedi. Sonday-aq, Qaraqalpaq folklori’nda «Qi’li’sh shabaq»[6] yertegin ali’p qaraymi’z. Bunday yerteklerdi mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ sabaq bag’darlamasi’na kirgizilmegeni menen balalar bos waqi’tlari’, dem ali’s waqi’tlari’ usi’nday ha’r qi’yli’ yerteklerdi woqi’p tursa wolardi’n’ woy-wo’risi, yeste saqlawi’, til

[6] Қарақалпақ фольклоры. «Қылыш шабақ». Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы. 1977. Т-2.

bayli’g’i’, mehir-muhabbati’, qari’m-qatnasi’ jaqsi’, unamli’ qa’siyetleri arta baslaydi’.

**«Qi’li’sh shabaq» yertegi**. Bir bali’qshi’ g’arri’ wo’zinin’ bala shag’asi’ menen ko’l jag’asi’nda bali’q awlaydi’ yeken. Wol g’arri’ barg’an sayi’n u’sh shabaq a’keledi yeken. Balasi’, kempiri, wo’zi-barli’g’i’ u’sh jan turadi’. G’arri’ bir ku’ni «Balam bu’gin awg’a sen qarap kel, men bu’gin dem alayi’n» deydi. Balasi’ bari’p qarasa, u’sh sho’n’ke ha’m u’sh qi’li’sh shabaq tu’sken yeken. Ku’ndegi a’kesinin’ aparg’an u’sh shabag’i’n aparadi’ da, qi’li’sh shabaqii’ sug’a jiberedi. U’yge kelip woni’ g’arri’g’a aytadi’, g’arri’si’ balasi’na baqi’ri’p:

- Yendi sen talap izle, bolmasa ashtan-ash qalami’z, yen’ bolmasa sen wo’lme balam, - dep balasi’n jumi’s islewge jiberedi. Balasi’ u’yinen shi’g’i’p, jol boyi’nsha ju’rip kiyati’rsa, bir i’lashi’q ko’rinedi. Ilashi’qqa kirse, bir kempir woti’r yeken. Kempirge sa’lem beredi. Kempir baladan jol bolsi’n soraydi’.

- Men talap islemege ju’rmen, - deydi.

- Wonda sen mag’an ju’r, men ku’nine bir ten’ge beremen, - deydi kempir. Sonnan baslap bala kempirdin’ jumi’si’n islep ju’re beredi. Ilashi’qti’n’ qasi’nan baylar, biyler ha’m atali’qlar wo’te beredi.

Bir ku’ni bala kempirden «bul ne atli’» dep soraydi’.

- Shi’rag’i’m, usi’ jaqta bir patshani’n’ qi’zi’n hesh kim so’ylete almay ju’r. Sonni’ kim so’yletse patsha qi’zi’n sog’an berejaq, sol qi’zg’a barati’rg’an adamlar, - deydi.

- Wonda men sog’an barayi’n, - dep bala jolg’a sapar shegedi. Kiyati’rsa joldi’n’ yekinshi ashasi’nan tag’i’ bir jigit barati’r yeken. Yekewi joldas boladi’. Bari’p patshadan juwap ali’p qi’zdi’n’ qasi’na woti’radi’. Joldan qosi’lg’an jigit qi’zg’a mi’na yertekti ayti’p beredi.

- Yerte zamanda u’sh ag’ayinli jigit bar yeken, u’shewinin’ wortasi’nda bir wo’giz bar yeken. U’lkeni basi’nda wot berip, wortanshi’si’ wortada, kishkenesi keyninde wo’gizdi baqlap turadi’ yeken. Wol wo’gizdin’ uzi’nli’g’i’na jetiw

ushi’n 6 ku’n ju’riw kerek. U’lkeni wortanshi’si’na u’sh ku’n ju’rip kelip, wortanshi’si’ kishkenesine u’sh ku’n ju’rip kelip hal sorasadi’ yeken.

So’ytip u’shewi wo’gizdi jetelep kelip bir u’lken ko’lge ali’p keledi, wo’giz suwdi’ urtlap-urtlap tawsadi’. Sol waqi’tta ko’ldin’ ishindegi bir i’laqa wo’gizdi juti’p jiberedi. Ilaqani’ bir qara qus ali’p ketedi. Wol qara qus terektin’ basi’na ali’p bari’p jay beredi. Tekenin’ saqali’ni’n’ asti’nda bir g’arri’ni’n’ ko’zine bir ayqulaq tu’sedi. Wol g’arri’ ayqulaqti’ ali’p bir ten’izdin’ wortasi’na taslaydi’. Bir ayqulaq bir wotaw boli’p, sog’an bir awi’l ko’ship keledi. Azanda tu’rgelse qublag’a qarap tikken u’yinin’ awzi’ arqadan shi’g’i’p turg’ani’n ko’redi. U’sh ku’nge deyin sonday boli’p turadi’. Bir tu’lki bayag’i’ g’arri’ni’n’ taslag’an ayqulag’i’n tislep tartadi’ yeken. Tu’lkinin’ awi’l mergenleri ati’p aladi’. Tu’lkinin’ jarti’ jag’i’n awi’l boli’p qulaqshi’n tigip aladi’. Bala-shag’ag’a deyin qalmay keledi. Sol awi’lda qoy bag’i’p ju’rgen tazsha «mag’an qaldi’ma?» dep bir kempirden soraydi’. Kempir:

- Anaw jerde tu’lkinin’ jarti’ jag’i’ jati’r, - deydi. Tazsha tu’lkini li’p qulaqshi’n tiktirse, bir payi’ jetpey jurtlarda bug’an hayran boladi’, buni’n’ qaysi’si’ u’lken dep qi’zdan soraydi’. Wo’giz u’lkenbe? Woni’ jutqan i’laqa u’lken be? Ko’tergen qara qus u’lken be? ya tazsha bala u’lken be? – deydi. Sol waqi’tta xanni’n’ qi’zi’ ku’lip turi’p:

- Barli’g’i’nan da tazsha u’lken, - deydi.

Patsha qi’zi’n du’nya mali’ menen jigitke berip jiberedi. Joldan qosi’lg’an jigit bayag’i’ joldi’n’ da’rbetine kelgende qi’zdi’n’ yeki qoli’nan usi’lap, «qi’zdi’ shawi’p bo’lisemiz» dep qi’li’shti’ ala umti’ladi’. Qi’zdi’n’ awzi’nan bir qara ji’lan zon’q yetip tu’sedi. Wol ji’landi’ da’rhal shawi’p wo’ltiredi. Qi’zdi’ so’yletpeytug’i’n sol ji’lan yeken.

Jolda qosi’lg’an jigit:

- Dosti’m, men bayag’i’ suwg’a jibergen qi’li’sh shabag’i’n’ yedim, qi’z da senniki, basqada senniki, dep xoshlasi’p ko’zden g’ayi’p boladi’. Anaw jigit du’nya mali’ boli’p da’wran su’redi.

Bul ertekte bala ashtan qalsa da, wo’zine kereklisin tek ku’ndegidey u’sh shabag’i’n ali’p qalg’an qi’li’sh shabaqti’ suwg’a jiberedi. Balani’n’ qi’lg’an jaqsi’li’g’i’na, qi’li’sh shabaq adam qa’lpine kelip woni’ bir wo’mir baxi’tli’ yetedi. Balag’a ja’rdem beredi. Buni’n’ balalarg’a ta’rbiyali’q qa’siyeti bul bir-birewge jaqsi’li’q, qi’lg’an jaqsi’li’g’i’n bir o’mir umi’tpay, oni’ o’mir boyi’ baxi’tli’ etti. Barli’q waqi’tta adam jaqsi’li’q qi’li’w menen ku’n keshiriwi kerek. «Birewge go’r qazsan’ o’zin’ tu’sesen’» degen xali’qta naqi’l bar. Birewge jamanli’q qi’lg’ani’n’ menen waqi’tti’n’ o’tiwi menen o’zin’e duwshar boladi’. Qi’lg’an jamanli’g’i’n’ o’zin’e qayti’p aylani’p keledi. Mine, usi’lardi’ balalarg’a sali’sti’ri’w joli’ menen tu’sindiriw kerek.

## III bap. Haywanatlar haqqi’ndag’i’ yertekler (ani’g’i’rag’i’ haywanlar obrazi’ndag’i’ adam minezin su’wretleytug’i’n haywanatlar haqqi’ndag’i’ yertekler)

Kishi mektep jasi’ndag’i’ balalar ushi’n yen’ qi’zi’qli’si’, yen’ a’piwayi’si’, yen’ i’qshamli’li’g’i’, wo’zine tarta alatug’i’nli’g’i’ bul haywanatlar haqki’ndag’i’ yertekler. Sebebi, balalar ko’binese haywanlar, menen quslardi’ jaqsi’ ko’riwshiliginen derek beredi. Solay yetip, yerteklerde ko’binese basli’ obrazlari’n quraytug’i’n tu’lki, qoraz, shag’al, qasqi’r, g’arg’a, ti’shqan, yeshki, qoy wo’giz, tu’ye, ari’slan, jolbari’s, yeshek, qurbaqa, qoyan, bo’dene h.t.b.

Haywanatlar haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ haywanlar obrazi’ndag’i’ adam minezin su’wretleytug’i’ni’ni’n’ sebebi yertekti do’retiwshiler bul haywanlardi’n’ ha’r qaysi’si’nda adamlarg’a ta’n anaw yaki mi’naw qa’siyetti ko’re bilgen. Sonli’qtan wolardi’n’ obrazlari’ arqali’ jaqsi’ menen jamandi’, aqi’lli’ menen aqmaqti’, ku’shli menen a’zzini qorqaq penen bati’rdi’, aq ko’kirek penen sumdi’, jalqaw menen miynet su’ygishti, a’dillik penen a’dilsizlikti, qi’sqasi’ unamli’ qa’siyetler menen unamsi’z qa’siyetlerdin’ talas tarti’si’n, yen’ jaqsi’ qa’siyetlerdin’ u’stemligin jen’isin, sheberlik penen bayanlang’an. Haywanatlar haqqi’ndag’i’ yerteklerdi woqi’p ha’m wolarg’a analiz jasaymi’z. «Yeshek ha’m wo’giz»[7] yertegin ali’p qaraymi’z.

**«Yeshek ha’m wo’giz» yertegi**. Buri’ng’i’ o’tken zamanda birewdin’ yeshegi ha’m wo’gizi bar yeken. Wo’zgizlerin qosqa qosi’p, jer su’rip, yegin yegip, ku’n ko’redi yeken. Bir ku’ni yeshek wo’gizlerge kelip, sumli’q u’yretedi. Wo’gizlerge:

- Bu’gin sizler woti’n’i’zdi’ jemey, jorta awi’ri’n’i’z. Sonda qosqa qosi’li’w miynetinen quti’lasi’z, - deydi. Wo’gizler yeshekshtin’ aytqani’n qi’li’p aldi’na salg’an woti’n jemey jorta awradi’. Yerten’ine worni’nan yeshekti

[7] Қарақалпақ фольклоры. «Ешек ҳәм өгиз». Нөкис, «Қарақалпақстан», 1977. 213-бет.

qosqa qosadi’. Sol ku’ni su’retug’i’n jer qatti’, soqpaq jer yeken. Yeshek keshke deyin wo’leyin dep i’yi’g’i’ isip, u’yge zorg’a keledi. Yeshektin’ sumli’g’i’ wo’zinin’ basi’na jetedi. Miynetti wo’zi shegedi. Keshte wo’gizlerge kelip:

- Sizler ta’wir boli’n’lar, woti’n’i’zdi’ tez jep bolmasan’i’z bolmaydi’, wo’ytkeni, xojan’i’z qassaplar menen so’ylesip keldi.

Wol «Yeger wo’gizler bu’gin woti’n jemese, qasapqa berip soydi’raman dep ati’r», - deydi. Wo’gizler qori’qqani’nan tez ta’wir boli’p, wotlari’n jeydi. İyesi wo’gizlerge ku’ndegi ta’sillik qi’li’p qosqa qosadi’. Yeshek qi’lg’an sumli’g’i’na toba qi’li’p qostan quti’ladi’. «Yeshek ha’m wo’giz» bunda yeshek penen wo’gizdin’ arasi’ndag’i’ qari’m qatnasi’. Yeshektin’ sumli’qli’ yekenin ko’rsetedi. Yeshek wo’gizlerge sizler jortag’a awi’rsan’i’z, qosqa qosi’w miynetinen quti’lasi’z dep sumli’q u’yretedi. Bul sumli’q wo’zinin’ basi’na tu’sedi. Yeshektin’ wo’zin qosqa qosadi’, tap sol ku’ngi jer qatti’, soqpaq jer boli’p shi’g’adi’. Yeshektin’ bul sumli’g’i’ wo’zine payda bermedi, qayta sharshap, wo’leyin dep su’yretilip keshte zorg’a qaytadi’. Yeshek bul miynetlerden quti’li’w joli’n woylap ja’ne sumli’q woylap wo’gizlerge tez woti’n’i’zdi’ jep tez ta’wir boli’p ketin’, bolmasa, seni xojami’z qassapqa berip jiberejaq dep ja’ne aldaydi’. Bu’gin qassaplar menen so’ylesip keldi dep ja’ne sumli’q u’yretedi. Wo’gizler an’qaw, sada, yekenligin yertekte ko’rsetip tur. Wo’gizler woti’n jeydi, qori’qqani’nan tez ta’wir boli’p ketedi. İyesi yerten’inen baslap ja’ne wolardi’ qosqa qosi’p ku’ndelikli jumi’si’n isley beredi. Yeshek bul sumli’g’i’ menen wo’zin awi’r jumi’stan azat qi’ladi’. Yeshektin’ bunda qoshjaqpas, sumli’qli’, miynetten qashatug’i’ni’n, su’wretleydi. Al, wo’giz bolsa, sonsha waqi’tlardan beri qos tartsada bunday sumli’q woyi’na hesh waqi’t kelmeydi. Wo’gizdin’ sada, aq ko’kirek, an’qaw yekenligin ko’rsetip tur. Balalarg’a yeshek ha’m wo’gizdin’ arasi’ndag’i’ ayi’rmashi’li’qti’ ayti’p berip, sizler bunday sumli’q woylamay, qayta aqi’l berip, bir-birin’izge ko’mek berip, dos, aqi’l boli’p, jasaw kerekligin tu’sindiriw kerek. Yeshektin’ worni’na adamdi’ qoyi’p woni’n’ minezin soraymi’z. Wonday adamlarda boli’wi’

mu'mkin, yerinshek, aqmaq, sumli'qli', birewlerge u'git-u'yretetug'i'n usi'lardi' yesapqa ali'p sizlerdin' aran'i'zda ushi'raspawi' kerekligin ayti'p wo'tiwimiz kerek. Al, wo'gizdin' worni'na qoyatug'i'n bolsa, aq ko'kirek, isengish, sada, adam yekenligin su'wretlegen, bunday bola bermew kerek. Ne isleytug'i'n bolsan'da woylani'p qi'li'wi'n'i'z kerek dep tu'sinik beriw kerek. Ha'r bir na'rsege de isene bermey, wo'zinin' aqi'li' menen is qi'li'p woylani'p isleniw kerek.

**«Qurbaqa menen ti'shqan» yertegi**.[8] Diyxanni'n' ati'zda qalg'an yeginin ti'shqan menen qurbaqa jey bergen. Ti'shqan toyg'annan qalg'ani'n awi'sqani'n uyasi'na apari'p ji'ynay bergen eken. Qurbaqa toyg'ani'na ma's boli'p wari'q, shari'q yetip ju're bergen yeken. So'ytip ju'rgende 6 ay jaz wo'tip ketipti. Ti'shqan 6 ay qi's azi'g'i'n ji'ynap ali'pti', al qurbaqa bos qali'pti'. So'ytip qurbaqa qi'sta awqat tappay, kelesi jazda tawi'p beremen dep ti'shqannan qari'z sorap bari'pti'.

- Kelesi jazg'a yegip qoyg'an yeginin' barma, jazi' menen ne talap yettin', jora depti ti'shqan qurbaqag'a. Sonda qurbaqa – way jora menin' nemdi soraysan', wari'q yettim shari'q yettim qi's azi'qti'n qaldi'm depti. So'ytip, ti'shqang'a qurbaqa bir aqsham miyman boli'pti'. Yekinshi ku'ni ti'shqanan qurbaqa:

- Ja'ne qonayi'n jora dep sorapti'. Sonda ti'shqan juwap beripti qurbaqag'a:

- Qonaq bir qonsa ku't, yeki qonsa jut, degen jora depti.

- Tur u'yden shi'q jora dep qurbaqani' ti'shqan u'yinen shi'g'ari'p jiberipti.

Ti'shqan qurbaqani' u'yinen shi'g'ari'p jiberip, bul zan'g'ari' ja'ne qayti'p kelip ju'rer dep ti'shqan u'yinin' awzi'n qatti' bekitip qi'si' menen tapqani'n jep jata beripti. Al, qurbaqa qi'sti'n' ayazli' ku'ninde qanday awqat tapsi'n, a'ri ju'rip, beri ju'rip, aqi'ri' ash boli'p ju'riwge dimari' qalmay qali'pti'. Zorg'a degende japti'n' boyi'na kelip qi'sti'n' ayazi'na shi'day almay, tarbayi'p qati'p

---

[8] Қарақалпақ фольклоры. «Қурбақа менен тышқан». Нөкис, «Қарақалпақстан». 1977. 221-бет.

qali'pti'. Bul yertek yerinshek, qoshjaqpas adamlar menen yerten'gi ku'nin woylatug'i'n, miynet yetetug'i'n talapshan', adamlar arasi'ndag'i' ayi'rmashi'li'q. Ti'shqan wo'zinin' azi'g'i'n jazi' menen ti'nbay miynet yetip ji'ynaydi', al qurbaqa wari'q shari'q yetip ju'rip, tek ku'ndegi tamag'i' toyg'ani'na ma's boli'p ju're bergen. Ti'shqan obrazi'ndag'i' adamlar aqi'lli' miynet su'ygish, isshen', shaqqan, adamlar topari'na kiredi. Bizler balalarg'a yerten'gi ku'nin woylap waqti'n bos jibermey, bir talap penen ba'nd boli'p, woni' yerten'gi ku'ni yag'ni'y keleshekte buni'n' paydasi' tiyetug'i'ni'n tu'sindirip wo'tiwimiz kerek. Mi'sal retinde aytatug'i'n bolsaq bu'gingi ku'ngi ali'p ati'rg'an bilimin'iz yerten'gi ku'ni keleshegin'izde as qatatug'i'ni'n, yeger bu'gingi ku'ni sabaqlardi' waqti'nda tu'sinbey yerinsheklik, jalqawli'q, qoshjaqpasli'q yetsen' keleshekte ha'mm na'rselerden bos qali'p ne islerin bilmey ha'r qi'yli' ji'nayatlarg'a qol uri'p ketiwlerin tu'sindiremiz. Buni'n' aqi'beti jaqsi'li'qqa barmay, jamanli'qqa ali'p ketetug'i'nli'g'i'n ayti'p wo'tsek boladi'. Wo'zlerin'iz ko'rip turg'ani'nday, qurbaqani'n' hali' ne keshti, wol jazi' menen wari'q shari'q yetip wo'zin wo'limge ali'p keldi. Sizler wo'zlerin'izdin' wo'mirin'izdi, qurbaqaday yetip qurban qi'lmay, duri's jasaw kerekligin tu'sindiremiz.

Ja'ne bir tamani' diyxanlardi' ali'p qaraytug'i'n bolsaq jazi' menen miynet yetip, gu'zden baslap woni'n' ra'ha'tin ko'redi. Qi'sqi' azi'g'i'n ji'ynap aladi'. Bala-shag'a bag'adi'. Mine soni'n' ushi'n «Miynet tu'bi ra'ha't» dep biykar aytpag'an. Qurbaqani'n' ku'nin ali'p qaraytug'i'n bolsaq, wo'zin-wo'zi wo'limge ali'p keldi. «Wari'q yettim, shari'q yettim jazdi'n' wo'tkenin bilmey qaldi'm» degen qatarlardi' keltiredi. Ha'r bir insan wol jas bolsi'n, u'lken bolsi'n, yerten'gi ku'nin woylawi', gu'resiwi kerek degen tu'sinikke kelemiz.

**«Tu'lki menen yeshki» yertegi**.[9] Bir tu'lki jolda barati'ri'p bilmesten qudi'qqa tu'sip ketedi. Bir jaqsi' jeri qudi'qta suw az yeken. Qudi'q teren' yemes yeken, solay bolsa da tu'lkinin' bunnan shi'g'i'wi' mu'mkin bolmadi'.

---

[9] Оқыў китабы. 2-класс. Нөкис. «Билим» 2004, 118-бет.

Qudi’qti’n’ jani’nan bir yeshki suw ishpekshi boli’p, suw izlep ju’rgen yeken. Yeshki qudi’qti’n’ ishindegi tu’lkini ko’redi. Wonnan:

- Ne qi’li’p tursan’? – dep sorapti’.

- Ku’n ju’da’ i’ssi’, bul jerge tu’sip suw iship dem ali’p ati’rman, - depti tu’lki.

- Men i’ssi’dan biyzar boli’p suw izlep ju’rippen, - dedi yeshki.

- Kel bul jerge tu’s, toyg’ani’n’sha ish, bul jerde ha’z yetesen’, - dedi tu’lki. Yeshki qudi’qqa sekirip tu’sipti. Tu’lki bunnan paydalani’p, yeshkinin’ shaqi’na tez g’ana minedi de joqari’ shi’g’i’p quti’ladi’. Yeshki qudi’qtan shi’g’ari’wi’n tu’lkiden soranadi’.

- Tu’lki:

- Senin’ saqali’n’ quraqi’m aqi’li’n’ bolsa yedi, dep qudi’qqa tu’spesten buri’n shi’g’a jag’i’nda woylag’an bolar yedin’, - dep wo’z joli’na kete beripti. İyesi yeshkini izlep ju’rip man’arag’an dawi’si’n yesitip. Qudi’qqa u’n’ilip tawi’p aldi’. Shaqi’nan tarti’p shi’g’ardi’. Sol-sol yeken yeshki dalag’a wo’z yerkine jibermey baylap qoyatug’i’n bolg’an yeken.

- Bul yertek aq ko’kirek, hadal adamlar menen sumli’qli’ hiyleker adamlar arasi’ndag’i’ qari’m qatnas. Tu’lki qudi’qqa tu’sip ketip, yeshkini aldap tu’sirip, wo’zi shaqi’na minip shi’g’i’p ketedi. Yeshki tu’lkinin’ ga’pine isenip, aldanadi’, rasi’ndada yeshki qayti’p shi’g’i’w jag’i’n woyi’na kelmeydi. Tu’lki hiyleker, sumli’qli’, tek wo’zin woylaytug’i’n adamlar topari’ndag’i’ obraz. Al, yeshki bolsa, aq ko’krek sada isengish, ha’mmeni wo’zindey ko’retug’i’n aldawdi’ bilmeytug’i’n adamlar obrazi’. Bunda ko’rinip turi’pti’ hayyarli’g’i’, sumli’g’i’ menen wo’zin ali’p shi’g’adi’. Balalarg’a bunday minezlerin wo’zlerinen ali’p taslawi’n ma’sla’ha’t beremiz.

Bizler balalarg’a tek Qaraqalpaq xali’q yerteklerin yemes, basqa yeller yerteklerin de ayti’p wo’tkenimiz maqul. Bulardi’ ko’binese bos waqi’tlari’ woqi’wi’n ayti’p wo’temiz.

**«Ha’rre menen pil»**[10] yertegi. Bar yekende, joq yeken, du’nyada bir pil bolg’an yeken. Wol ti’ni’p-ti’nshi’mas bir shoq pil yeken. Ha’r sapar bolar-bolmasqa ja’njel shi’g’ara berer yeken. Ku’nlerdin’ birinde wol uzi’n murni’ menen terekti qi’ymi’ldata bergen. Terektin’ tu’bine qoyg’an ha’rrenin’ ini bar yeken. Ha’rrelerdin’ ini pildin’ silkildisinen buzi’li’p keteyin dep qali’pti’.

- Pil ag’a: -iltimas qi’li’pti’ ha’rreler, bizlerdin’ u’yimizdi buzban’.

- U’ylerin’izdin’ mag’an ne keregi bar? juwap beripti pil.

- Way pil ag’ajan-ay, biz sizge woynama dep ati’rg’ani’mi’z joq, basqa basqa terektin’ tu’binde woynay qoyi’n’, - depti.

- Usi’ jerden basqa jerge ketpeymen, - depti pil. Bul hu’jdansi’zlardi’ qaran’ wo’zleri kishkene bola turi’p mag’an aqi’l u’yretedi ya, - dep ashi’wlani’pti’.

Ha’rreler ja’ne jali’ni’pti’, jali’ni’pti’ paydasi’ bolmapti’. Aqi’ri’ basli’g’i’na bari’p, woylasi’pti’. Yeger tag’i’ bir iltimas yetip ko’reyik, bolmasa wo’lgeninshe shag’ami’z depti. Pil bolsa aytqani’nan qaytpapti’. Aqi’ri’ ha’rreler toplamni’p pildin’ ha’mme jerlerin, basi’n bas demey, ko’zin ko’z demey, shag’a beripti. Pil haldan tayi’pti’. Pil isip, tawday boli’p ketipti, dawi’si’ bolsa pu’tin tog’ayg’a yesitilipti. Pil aqi’ri’ jerge ji’g’i’li’pti’, ha’rreler pildi worap ali’p: - xosh yendi hali’q qalay, piljan? – desipti. Pil uyalg’ani’nan ha’tte basi’n ko’tere almapti’.

- Pil ag’a, sen aybati’n’a isenip bizdi qi’ynadi’n’. Lekin, soni’ bilin’ ku’shsizlerdi qi’ynag’anni’n’ hali’ wayran boladi’, - depti ha’rreler.

Bul yertekte pil wo’zin denesine aybati’na isenip, ha’rrelerdin’ ti’ni’shi’n buzadi’. Bulardi’n’ ba’ri aqmaqli’g’i’, shoqli’g’i’ tuti’p, aqi’beti wo’lim aldi’nda qaradi’. Yekinshisi ha’rreler bolsa, jali’nadi’, jalbi’ranadi’ biraq paydasi’ tiymeydi, u’yin aman saqlap qali’w ushi’n pilge qarsi’ shi’g’i’wg’a ma’jbu’r boladi’. Maqtanshaq, aqmaq, qa’siyetleri balalarg’a unamsi’z, al aqi’lli’, sabi’rli’li’q, shi’damli’, qa’siyetler balalarda unamli’ obrazlardi’

[10] Балалар әдебияты. «Арии ва фил». Т. «Ўқитувчи». 2001. 25-бет.

do’retedi. Balalar unamsi’z obrazlardag’i’ haywanlarg’a ashi’nbaydi’, unamli’larg’a unamli’ obrazlari’n haywanlardi’n’ ku’shine aqi’lli’li’g’i’ ilhamlani’p woti’radi’. Bul yeki tiptegi qa’siyetlerdi adam worni’na qoyi’p tu’sindiretug’i’n bolsaq, birewge jamanli’q qi’lg’ani’ menen wo’zine aqi’ri’ wo’zi tu’sedi.

**«Shonti’q tu’lki» yertegi**.[11] Bul yertektin’ variantlari’ rus ha’m basqa xali’qlarda ushi’rasadi’. Tu’lkinin’ aldawshi’li’g’i’ a’dep jarti’ urshi’q, keyin pu’tin urshi’q, wonnan son’ bir nan, ha’tte bir toqli’, keyninen bir suli’w qi’zdi’ urlag’ani’n basqa tu’rkilerge ayti’p, buni’ qalay tapti’n’ degende: - men bulardi’n’ ba’rin shonti’q quyri’g’i’m menen muzlang’an suwg’a bati’ri’p woti’ra berdim, - deydi. Tu’lkilerdi usi’lay aldaydi’. Wolar buni’n’ ba’rine isenedi. So’ytip wo’zlerinin’ quyri’qlari’n muzg’a bati’ri’p woti’radi’. Tu’lkilerdi aldag’an tu’lki aldawi’n dawam yettiredi. So’ytip adamlar ju’retug’i’n jolda wo’tirikke wo’lip jatadi’. So’ytip tu’lkinin’ wo’zi wo’limge duwshar boladi’.

Bunda tu’lki wo’zinen basqalardi’n’ ba’rine jamanli’q woylaydi’, aldawshi’li’q, wo’tirik jollari’ menen ku’n keshiredi. Son’i’nan wo’zi wo’limge duwshar boladi’. Aldawshi’li’q joli’ menen ha’lek boli’p wo’tiriktin’ aqi’beti qayg’i’ menen pitetug’i’ni’n wo’tirikshi tu’lki obrazi’ arqali’ xali’q sonday adamlardi’ ju’da’ sheber su’wretlegen. 2-klassti’n’ woqi’w kitabi’nda «Quwqoraz»[12] yertegin ali’p qaraymi’z.

**«Quwqoraz» yertegi**. Bo’ribay degen balani’n’ qi’zi’l ren’li, uzi’n bel, woraq kekkilli bir qorazi’ boli’pti’. Wol ha’mme tawi’qti’ baslap ju’retug’i’n yeken. Wolar ko’birek sho’p shardi’n’ arasi’nda boli’p, qurt-qumi’ri’sqalardi’ uslap jiydi. Wo’zi ku’ta’ hiyleker bolg’anli’qtan, hesh adam uslay almaytug’i’n yeken. Keshte basqa tawi’qlarg’a qosi’lmay, yesiktin’ aldi’ndag’i’ jiydenin’

---

[11] Оқыў китабы. 2-класс. «Шонтық түлки». «Билим». 2004. 119-бет.
[12] Оқыў китабы. 2-класс. «Қуўқораз». «Билим». 2004. 119-бет.

shaqasi’nda qonaqlap shi’g’adi’ yeken. Soni’n’ ushi’n oni’ Bo’ribay Quwqoraz dep atapti’.

Bir ku’ni tamaq izlep ju’rgen tu’lki tan’ni’n’ aldi’nda jiydenin’ shaqasi’nda qonaqlap turg’an qorazdi’ ko’rip qali’pti’ da: - ko’pten tilep ju’regimdi, jerden bergenin qaran’ dep quwani’p, woni’n’ jerge tu’siwin ku’tipti. Qoraz uyqi’si’nan woyani’p to’men qarasa, to’mende an’li’p turg’an tu’lkini ko’ripti.

- Ha’ bul Sum tu’lki an’li’p turg’an yeken. To’menge tu’ssem uslap jiydi. Joq senin’ qoli’n’a an’satli’q penen tu’speymen, - dep quwqoraz jerge tu’spewge qarar yetedi. Wolar bir-birin ko’pke shekem an’li’pti’. Tan’ ati’p ku’n shi’g’i’pti’. Sa’ske boli’pti’.

Sonda quwqorazdi’n’ quwli’g’i’ tuti’p ku’tilmegen jerde qanatlari’n qag’i’p, shaqi’ra baslapti’.

- Sag’an ne boldi’ dosti’m? Sen nede bolsa kewillisen’? – dep sorapti’ tu’lki.

- Sa’ske boldi’ menin’ xojayi’ni’m yendi sa’skeligimdi ali’p keledi – depti quwqoraz.

- Xojayi’ni’n’ kim? – depti tu’lki.

- Kim bolatug’i’n yedi. Xojayi’ni’m an’shi’. Woni’n’ mi’lti’g’i’ bar. Wol mag’an sa’skeligin ali’p kelip, keyninen tu’lki awlawg’a shi’g’adi’, - depti qoraz.

- Sa’ske boli’p qalg’ani’ duri’s yeken, mende bari’p sa’skeligimdi ishpesem bolmas, - dep tu’lki qashi’p ketedi.

Mine, yesitkenin’izdey bul yertekte tu’lki, qoraz boladi’. Bizler qanday yertek bolmasi’n wonda qatnasi’wshi’lardi’ obrazlarg’a bo’lip, wolarg’a analiz jasaymi’z. Ko’p yerteklerde tu’lki aldaytug’i’n, hiyleker bolatug’i’n yedi. Al, bunda kerisinshe qoraz wo’zinin’ jani’n aman ali’p qali’w ushi’n hiyle woylap tabadi’. Bug’an aldang’an tu’lkige balalar ashi’nbaydi’, sebebi qoraz aldamasa wo’zi tu’lkige jemtik bolatug’i’ni’ turg’an ga’p. Sonli’qtan balalar unamli’ obrazg’a qorazdi’, al unamsi’z obrazg’a tu’lkini kirgiziwge boladi’. Usi’nday

yerteklerdi mug’allim ju’da’ sheberlik penen yertekke arnalg’an su’wretler yamasa diafilmler, qol ja’rdeminde quwi’rshaqlar menen rollerge bo’lip ayti’p berse, ko’rsetse ju’da’ paydali’ boladi’. Qoraz benen tu’lkini adam obrazi’na salatug’i’n bolsaq hiyleker tu’lki, yag’ni’y hiyleker, sumli’qli’ adam dep aytatug’i’n bolsaq, wonnanda wo’tkeretug’i’n qoraz yag’ni’y wo’zinin’ jani’ ushi’n bunnanda wo’tkir sumli’q tawatug’i’n adamlar bar yekenligi su’wretlenedi.

Bunda sumli’qqa paydasi’ bar yekenligi ko’rinip tur.

**«Tu’lki menen qoyanni’n’ quyri’q almasi’wi’»**[13] yertegi. Buri’n tu’lkinin’ quyri’g’i’ joq bolg’an. Qasqi’r menen tu’lki bir ku’ni uri’si’p qali’pti’. Qasqi’r qayda barsada tu’lkinin’ izinen an’li’p keyninen qalmapti’. Jolda uslap ali’p talay beripti. Bir ku’ni qasqi’r tag’i’da tu’lkinin’ izine tu’sipti. Tu’lki qashi’p bari’p inine ti’g’i’li’pti’. Sol waqi’tta qasqi’r jetip kelip, tu’lkinin’ inin qaza baslapti’. Usi’nday qa’wiptin’ aldi’n ali’wdi’ woylap tu’lki ininen yeki awi’z ashqan yeken. Qasqi’r innin’ bir awzi’n qazi’p ati’rg’anda, yekinshi awzi’nan si’rtqa shi’g’i’p ketipti. Sol qashi’wi’ menen qali’n’ tog’ayg’a bari’p ti’g’i’li’pti’. Wol tog’aydi’ qoyang’a ushi’rasadi’. Qoyanni’n’ quyri’g’i’ shubati’lg’an uzi’n bolg’an eken. Oni’n’ sol uzi’n quyri’g’i’ juwi’rg’anda, jawi’n jawg’anda qatti’ kesent berip adi’mi’n ashti’ri’tpaydi’ yeken. Tu’lki so’ytip qoyandi’ usi’lap ali’pti’. Qoyandi’ jan’a jeyin dep awi’z sala bergende qoyan zar yen’irep ji’lapti’.

- Tu’lki meni wo’ltirme, men sag’an mi’na uzi’n suli’w quyri’g’i’mdi’ beremen. Sag’an di’m jarasadi’ yeken, - depti. Bi’lg’an’lang’an quyri’qqa tu’lkinin’ ko’zi qi’zi’pti’. Sipse usag’an mi’na quyri’q penen ju’rgen izimdi si’pi’ri’p kete beremen. Sonda qasqi’rda basqada quwg’i’nshi’larda izinen adasi’p qalmayma dep woylapti’. So’ytip wolar yekewi quyri’g’i’n almasti’ri’pti’. Tu’lki wo’zinin’ woymaqtay quyri’g’i’n juli’p ali’p qoyang’a

[13] Оқыў китабы. 2-класс. «Түлки менен қоян қуйрық алмасыўы». Қарақалпақстан. «Билим». 2004-ж. 123-бет. «Жеткиншек» газетасы.

beripti, qoyanni'n' quyri'g'i'n wo'zine ali'pti'. Solay yetip uzi'n quyri'g'i'n bulg'an'lati'p kete beripti. Na'tiyjede tu'lki menen qoyan mine usi'lay yetip quyri'g'i'n almasti'ri'pti'. Sol, sol eken tu'lkinin' quyri'g'i' suli'w, uzi'n quyri'q boli'p qala beripti.

Bul yertekte u'sh tu'rli haywanlar qatnasadi': tu'lki, qoyan, qasqi'r. Qasqi'rdi'n' tu'lkini qoymay, izinen qalmag'anli'g'i', ti'ni'sh ju'rgen qoyang'a kesentti tiyedi, soni'n' ushi'n xali'q «Bir jamanni'n' kesiri jeti jurtqa tiyedi» degen. Qasqi'r wo'z sharwasi' menen, tu'lki wo'z sharwasi' menen, ju'rgende qoyanni'n' quyri'g'i' ba'lki wo'zinde qalarmedi degen woy ketedi. Yertek do'retiwshiler bunday qa'siyetlerdi adamlar arasi'ndag'i' qari'm-qatnaslardi' haywanlar obrazi' menen bergen. Usi'lardi' woqi'p tu'sinip bunday islerdi islemey, tuwri' joldan ju'riw kerekligin ko'rsetken.

**«Sum yeshek penen an'qaw tu'ye»**[14] yertegi. Yerte zaman bir jarli' kisi boli'pti', woni'n' bir yeshegi, bir tu'yesi bolg'an yeken. Yeshegin minip, tu'yesin jetelep Qarawi'mbetke duz a'keliwge baradi' yeken. Wol tu'yege alti' batpan, al yeshekke u'sh batpan duz arti'pti'. Bir ku'ni yeshekte, tu'yede jawi'r boli'pti', sharshap wo'letug'i'n boli'pti'.

Sonda yeshek tu'yege:

- A'y jora, sen bir u'lken aq yedin', bug'an aqi'l tapsan'-o, jora – depti.

- A'y men sumli'g'i'n'di' bilmeymen jora, - depti tu'ye yeshekke.

- Yaqshi' tu'ye jora, menin' aqi'li'mdi' alsan', sag'an bir aqi'l tawi'p bereyin, - depti yeshek. Wol da adam shi'g'a almaytug'i'n bir tik jar barg'o, sol woyg'a barg'an jerde yekewimizde qulayi'q jora. Sonda iyemiz qoli'na qamshi'si'n alar, bizlerdi sabar. Qamshi'g'a shi'da hasla turmag'anson', jataber. So'ytip a'ri urar, beri urar turmag'anson' bizlerdin' ju'klerimizdi bosati'p arqani'n ali'p wo'zi keter. So'ytip bizler sayda 5-6 ku'n jati'p dem alarmi'z, - depti.

[14] Қарақалпақ фольклор. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1977. 217-бет. II том.

Duzdan kiyati'rsa, bayag'i' sayg'a kelgende yekewi birden jatadi'. İyesi qamshi'ni' ali'p tu'yeni 5-6-qamshi'lag'an yeken tu'ye shi'damay worni'nan ushi'p turi'p joqari'g'a shi'g'adi'. Yendi yeshekti sabalawg'a tu'sedi, a'ri uri'pti', beri uri'pti', yeshek worni'nan turmapti'. Aqi'ri' iyesi sharshap, yeshektin' yer turmani'n ali'p iyesi ketip qali'pti'. İyesi kete bersin, bir shi'damli' jata beredi shirenip. Yerten'ine worni'nan turi'p wotlap, qursag'i'n toyg'i'zi'p sol jerde ju'redi. Man'layi'qara jayi'li'p ju'rgende bir jolbari'sqa tap boladi'. Yekewi sol jerde ushi'rasadi'. Yapi'rmay jora, menin' du'nya ko'rmegen ati'n' kim? -depti yeshek.

- Men jolbari's degen an'man. Tek ko'rgen na'rsemdi i'laqti'ri'p taslay beremen – deydi, jolbari's.

Sonda yeshek:

- Meni sorasan' jora meni yen'seli bati'r dep ataydi', depti.

So'ytip jolbari's:

- Qa'ne jora wo'nerin'di ko'rset – dedi yeshekke.

- Men wo'nerimdi ko'rseter yedim, biraq menin' jani'mda tura almaysan', -deydi.

- Turaman ko'rsete ber, - dedi jolbari's. Jolbari'sqa qarap qulaqti' bu'gip, awi'zdi' ashi'p jolbari'sqa qarap bir an'qi'rg'an yeken, jolbari's bati'r bolsa, bati'r shi'g'ar dep qashi'p wo'ta' ketipti, aldi'nan qasqi'r shi'g'i'pti'.

- A'y jora, bunsha bereketin' qashi'p, ku'shli bolsan'da qashi'p kiyati'rsan'? – depti qasqi'r.

- A'y jora nesin soraysan' yen'seli degen bati'rg'a joli'g'i'p, bir awi'zi'n ashi'p, qulag'i'n qayi'ri'p, bir an'qi'rdi', jer jari'lmadi' men kirmedim, jora depti.

- Usi'nsha ku'shin' menen qorqi'p qashi'p ju'rgenin' yen'seli bati'ri'n' bul yeshek g'oy, qoy keynime yer, yet jemege yerinemisen'. Yekewimiz barami'z – depti qasqi'r.

- Woy jora, yaq men barmayman, aytago'rme depti jolbari's. Qasqi'r qoyarda qoymay jolbari'sti'n' ali'p ketedi. Ko'zi wotlap ju'rgen yeshekke tu'sipti. Yeshek birden qasqi'rg'a «ata baban'ni'n' mag'an to'ley almay ju'rgen qari'zi'n'a jolbari'sti' ali'p keldin'be?» - dep yedi jolbari's ti'm-ti'raqay qasha jo'nelipti. Qasqi'r ashi'wi' kelip «jat ha'zir seni jeymen» degen yeken yeshek jati'pti', qasqi'r woni'n' u'stine shi'g'i'p minipti. Jewge qolaylasqanda yeshektin' ko'zinen jas ag'i'p ati'r yeken. «Nege ji'lap ati'rsan', wo'limin'e qi'ynali'p ati'rsan' ba?» - degen yeken, sonda yeshek «joq og'an yemes, menin' wo'nerim bar yedi, soni' ko'rsete almay ati'rman sog'an ji'lap ati'rman», - depti yeshek. «Tur sol wo'nerin'di ko'rset» depti qasqi'r. Yeshek turi'p qasqi'rdi' u'stine mingizip ga' arman, ga' berman jorg'alapti'. Yeshektin' jorg'asi'na ha'z yetken qasqi'r uyi'qlap qali'pti'. Yeshek jorg'ali'wi' menen qasqi'rdi' adamlar arasi'na ali'p bari'p taslapti'. Adamlar qorshalap qasqi'rdi' qolg'a tu'sirip wo'ltiripti. Yeshek aman qali'pti'. Yertekte yeshektin' aqi'lli'li'g'i', woylap tapqi'rli'g'i', reti kelgende wog'ada ku'shlilerdide qorqi'ta alatug'i'n uqi'bi', za'ru'r jerde wo'limnen qalatug'i'n aqi'lli' so'z yetilse, usi' qa'siyetlerdin' barli'g'i' da a'piwayi' miynet adami'nan tabi'latug'i'n adamlardag'i' aqi'l hushi'ni'n' ha'mme na'rseden joqari' turatug'i'nli'g'i' sheberlik penen bayan yetilgen.

**«Ash qasqi'r» yertegi**.[15] Buri'ng'i' waqi'tta bir qasqi'r tog'ay aralap kiyati'ri'p, wotlap ju'rgen bir yeshkini ko'redi. Ash qasqi'r yeshkini tarpa basadi'. Yeshki: -Qasqi'r jora, menin' bir wo'nerim bar, sag'an soni' ko'rseteyin, sen jemey toqtay tur, - deydi.

Qasqi'r: -Ne wo'nerin' bar? –deydi.

- Men ko'shkenlerdin' ko'shin baslayman. Yeger sen meni jesen' ko'shkenler seni wo'ltiredi, wonnanda mi'na jerde bir qoy ju'ripti, sen soni' je, - deydi yeshki.

---

[15] Қарақалпақ фольклоры. Нөкис, «Қарақалпақстан». 1977. 226-бет.

Ash qasqi’r yeshkini qoya berip tilin salbi’rati’p qoyg’a jetip keledi. Qoy menen so’ylespesten, tarpa basi’p jeyjaq boli’p ati’rg’anda, qoy aytadi’:

-Meni jeme, men xanni’n’ da’rwazasi’nda woynayman. Meni jesen’ seni mi’n’ jani’n’nan bir jani’n’di’ qoymaydi’, xan seni wo’ltiredi. Meni jegenshe hesh kimge belgisiz bir at ju’r. Soni’ je – deydi. Qasqi’r jaqsi’ boladi’, dep u’stinen tu’sedi.

- Menin’ qasi’ma jaqi’n kel, tu’sken wag’i’nda xati’ da’rhal almasan’ jerge sin’ip ketedi, - deydi at.

Qasqi’r atti’n’ quyri’g’i’na u’n’ilip turg’an waqi’tta, at tewip basi’n qaq bo’ledi. Qasqi’r wo’leyin dep ati’ri’p, qani’na u’ymelegen g’arg’ag’a:

A’weli yedi yeshki,
Jede jat mayli’ go’shti,
Nege kerek ko’shken ko’shi,
Ko’sh baslawi’sh bolajaq pa yedim.
Wonnan son’ keldi qoyi’m,
Qoydi’ jede toyi’n’,
Nege kerek da’rwaz woyi’ni’,
Ji’raw bolajaqpa yedim, sori’m.
Wonnan son’ keldi at,
Atti’ jede jani’nda jat,
Nege kerek mag’an wol xat,
Woqi’p qazi’ bolajaqpa yedim, - dep qasqi’r jan ta’slim yetedi.

Bul yertekte qasqi’rdi’n’ atti’ sa’ddelep tewip basi’n qaq jari’p wo’ltiriwi bul wori’nda geyde jawi’zlardi’n’ da yeshkiden de, qoydan da, attan da aqmaqli’g’i’n zuli’mli’q, ashko’zlik jaqsi’ na’rselerge aparmaytug’i’ni’ ko’rinip tur. Jaqsi’li’q ha’m aqi’lli’li’qti’n’ ha’m zorli’q u’stinen yen’ aqi’ri’nda u’stem boli’p ketetug’i’ni’n bul yertek ju’da’ a’piwayi’ ani’q ha’m suli’w yetip tu’sindirip beredi. Qasqi’rdi’n’ ashko’zligi, aqmaqli’g’i’ wo’zinin’ basi’na jetti. Qaraqalpaqlardi’n’ «Ari’slan menen qoyan» yerteginde ari’slanni’n’

ji’rtqi’shli’g’i’, ha’r ku’ni qoyanlardan birewin jeytug’i’ni’, bir aqi’lli’, hiyleker qoyanni’n’ ta’selli menen ari’slandi’ qudi’qqa apari’p, qudi’qti’n’ suwi’nda su’wretin ko’rsetip, wog’an topi’ldi’ri’p, ari’slandi’ qudi’qqa tu’sirip wo’ltiriwi, solay yetip ku’nde bir qoyan jep turg’an ari’slannan qoyanlardi’ qutqari’wi’ yerteklerdegi haywanlar obrazi’na da adamlardag’i’day si’yaqli’ aqi’lli’li’q, tapqi’rli’q, danali’q, qa’siyetlerdi ja’mlestiriw boli’p yesaplanadi’. Bunday jag’dayda bo’rige baylani’sli’ yerteklerde de ushi’ratami’z. Bo’ri, jolbari’s, ari’slan ko’pshilik yerteklerde jawi’z, ji’rtqi’sh, zuli’m boli’p unamsi’z keyipte su’wretlenedi. Al, tu’lki bolsa ko’binese hiylekerligi, aldawshi’li’g’i’ menen doslari’ni’n’ basi’na jetiwine sebepshi boladi’.

Juwmaqlap aytqanda, adamlar turmi’si’n haywanat obrazlari’ menen su’wretleytug’i’n yertekler awi’zeki xali’q prozasi’na yen’ suli’w, yen’ wo’tkir, yen’ i’qsham do’retpeleri boli’p yesaplanadi’. Wonda yertekti do’retiwshilerdin’ xali’q turmi’si’n teren’ bilmeytug’i’ni’, adamlardi’n’ minez quli’qlari’n teren’nen ashqani’, haywanlarg’a ta’n bolg’an geypara wo’zgeshelikleri menen unamli’ ha’m unamsi’z qaharmanlari’ni’n’ do’retiliwi bul yerteklerge ayri’qsha tu’r berip turadi’. Qatnasi’wshi’ personajlar haywanatlar bolg’ani’ menen, ha’tte haywanlarg’a tiyisli anaw yamasa mi’naw jag’daylardi’ qamti’g’an menen bul yerteklerde tiykari’nan haywanlar du’nyasi’ haqqi’nda yemes, al adamlar du’nyasi’ adam wo’miri haqqi’nda ga’p boladi’. Haywanlardi’ mi’salg’a ali’p yertek do’retiw uzaq da’wirlerden baslang’an boli’wi’ mu’mkin. Haywanlar haqqi’ndag’i’ yerteklerdin’ basqa yerteklerden ayi’rmashi’li’g’i’, wo’zgesheligi sonda, wol da bolsa bulardi’n’ qaharmanlari’ni’n’ barli’g’i’ haywanlar boli’p keledi. Haywanlar adamlarday boli’p qatnas jasaydi’. Bulardi’n’ turmi’sta bolmaytug’i’ni’n balalar biledi. Biraq wondag’i’ waqi’yalarg’a toli’q qatnasi’p woti’radi’. Sonli’qtan bul yerteklerde ko’binese 1-2-klasslarda ko’birek wo’tiwge usi’ni’li’w kerek. Yertektin’ mazmuni’ analiz yetiledi.

Analiz waqti’nda yertektin’ bag’dari’na qaray analiz yetiw za’ru’r. Wol ne haqqi’nda ayti’li’p ati’r, kimge ko’mek berip ati’r, ne ushi’n, bul waqi’yani’n’

qaharmanlarg’a qatnasi’, wolardi’n’ jaqsi’li’q ha’m jamanli’q ta’repleri ani’q ayqi’n ayti’li’wi’ kerek.

Bul yertekler totemizm dinine baylani’sli’ boli’wi’ da, bolmawi’ da mu’mkin. Haywanlar da adamlar da bir janli’ zat degen yeski tu’siniklerge baylani’sli’ bul tiptegi yertekler do’rewi mu’mkin. Din menen haywanlardi’n’ bu’gingi ku’ni a’debiyatta, a’sirese balalarg’a arnalg’an a’debiyatta bekkem wori’n ali’wi’ obrazlar woylawdi’n’ buri’nnan son’g’i’ kiyati’rg’an yen’ tiykarg’i’ obekti boli’p qa’lipleskennen derek beredi. Obrazlardi’ haywanlar boli’p keletug’i’n yerteklerdin’ adam turmi’si’n su’wretlew usi’li’, yag’ni’y folklorg’a ta’n do’retiwshilik metodqa na’zer awdarg’anda, a’lbette tiykari’nan adam wo’mirindegi shi’nli’q.

# IV bap. Turmi’s haqqi’ndag’i’ yerteklerdi woqi’ti’w usi’li’

Turmi’s haqqi’ndag’i’ yertekler bular, haywanatlar du’nyasi’na baylani’sli’ a’jayi’p ha’diyseler haqqi’ndag’i’ yerteklerge qarag’anda turmi’sqa, wo’mirge biraz jaqi’nli’g’i’ menen ayi’ri’li’p turadi’.

Bunday yerteklerdin’ ati’ni’n’ wo’zi-aq ko’p na’rselerdi an’lati’p turadi’. «A’dil patsha», «Jetim qi’z», «Aqmaq qati’n», «Sheshen bala», «Aqi’lsi’z bala», «Qi’ri’q awi’z wo’tirik aytqan shopan», «An’qaw g’arri’», «Yeki dos», «Aqi’lli’ bala», «Aqi’lli’ g’arri’» h.t.b. Bulardi’ biz sha’rtli tu’rde turmi’s yertekleri dep ataymi’z. Bul topardag’i’ yerteklerde de a’jayi’p ha’diyseler, haywanatlar du’nyasi’na baylani’sli’ jag’daylardi’n’ bolatug’i’ni’n yesten shi’g’ari’wi’mi’z kerek. A’lbette, turmi’sqa baylani’sli’ yerteklerde adam wo’miri, adam turmi’si’ni’n’ geypara ta’repleri ken’irek su’wretlenetug’i’ni’ bayqaladi’. Turmi’s haqqi’ndag’i’ yerteklerde adam wo’mirinin’ ha’r qi’yli’ ta’replerine kewil bo’linip woti’radi’. Joqari’dag’i’ atap wo’tken yerteklerdin’ ati’na qaray woti’ri’p, yertek ne haqqi’nda, neler so’z yetiletug’i’ni’n nege baylani’sli’ yekenligin bilip alami’z. Turmi’s haqqi’ndag’i’ yertekler, balalarg’a qalay ta’sir yetedi? degen sorawlarg’a juwap beremiz.

Turmi’s haqqi’ndag’i’ yertekler bular buri’ng’i’ jasap ketken ata-babalari’mi’zdi’n’ qalay ku’sh keshirgenligi ha’m ha’zirgi zamanda jasap ati’rg’an adamlar arasi’ndag’i’ pari’qti’ yertek bari’si’nda balalarg’a tu’sindirip wo’tiw za’ru’r. Yerteklerdegi unamli’, unamsi’z qa’siyetlerdi sali’sti’ri’w, wolardi’n’ aqi’beti ne menen tamamlanatug’i’ni’n bala woqi’p woti’ri’p-aq da’rhal sezedi. Bunday yertekler balalardi’ wo’mirge, turmi’sqa keleshekte qanday adam boli’wi’na, ne menen shug’i’llani’wi’na, ata-anasi’na qanday hu’rmet ko’rsetiwine jol-joba beredi. Ha’mmemizge belgili yerteklerde aqi’lli’-aqmaq, a’dil-zuli’m, dana-saran’, ma’rt-na’ma’rt haqqi’nda woylap tapqi’sh

bilgir hayallar jetim qi'zdi'n' bilimliligi, an'qaw ha'm aqi'lli' shopanlar, zergerler, gu'lalshi'lar, wo'nermentlerdin' aqi'lli'li'qlari'n ko'remiz.

Duri'si'n aytqanda, bul topardag'i' yerteklerdin' arasi'ndag'i' aqi'lli'li'q penen aqmaqli'q, bilimlilik penen nadanli'q, tapqi'rli'q penen tpasli'q, a'dillik penen zuli'mli'q, jaqsi'li'q penen jamanli'q, tuwri'li'q penen urli'q, suli'wli'q penen ba'tba'sherlik qi'sqasi' adam wo'mirinde ushi'rasatug'i'n unamli' ha'm unamsi'z qa'siyetlerdin' ba'rhama qarama-qarsi' shiylenisken waqi'yalardi'n' aqi'beti mudami' shayqasi'wi' menen ba'ribir jaqsi'li'q penen haqi'yqatli'q jen'ip shi'g'i'wi'n woqi'wshi'larg'a tu'sindirip bari'wi'mi'z kerek. Usi'lardi'n' na'tiyjesinde balalar unamli' qa'siyetlerdi wo'zine tez qabi'l yetip, unamsi'z qa'siyetlerge qol urmay jaqsi'li'q penen jamanli'qti'n' parqi'n tez ug'i'p aladi'. Ha'r bir yertekte adam woyi'ni'n' ushqi'rli'g'i', tapqi'rli'g'i' syujet quri'wda, obraz jarati'wda, ko'rkem so'z quri'wda sheberligi ko'zge taslanadi'. Sonday bir ko'rkem, suli'w danali'q so'z benen islengen bir imarat dese boladi'.

**«U'sh tuwi'sqan» yertegi**.[16] Buri'ng'i' wo'tken zamanda bir g'arri' jasag'an yeken. Woni'n' u'sh uli' bar yeken. Ku'nlerdin' bir ku'ni g'arri' balalari'n ji'ynap: Sizler bir-birin'izden arti'q, jaqsi' jigitler boli'p jetistin'iz, balalari'm a'lem gezip, yellerge sayaxatqa shi'g'i'n'. Adamlardi' ko'rip qandayda bir ka'siplerdi u'yrenin'. İshin'izde qaysi'si'n'i'z jaqsi' wo'nerdi u'yrensen'iz, sog'an u'yimdi miyrasqa beremen depti atasi'. Ag'ayi'nler saparg'a atlani'pti'. U'sh ji'l jat yellerde boli'p u'sh ji'ldan keyin u'ylerine kelipti.

- Assalawma a'leykum ag'a depti balalari'.

- Wa'leykum assalam balalari'm – dep sa'lemin a'lik ali'pti' ag'asi'.

- Al qalay, bir na'rse u'yrenip qaytti'n'i'z ba?

- Awa u'yrendik – depti ullari'.

- Men depti kishkene balasi', shash ali'wdi' u'yrendim.

- Men depti wortanshi' balasi', tag'a qag'i'wdi' u'yrendim.

[16] Қарақалпақ фольклоры. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1977.

- Al men depti u’lken balasi’, qi’li’shlasi’wdi’ u’yrendim.

- Wonda di’m jaqsi’ yeken depti ag’asi’. Sizlerdin’ wo’nerin’izdi ko’reyin, ap-an’sat g’ana shash ali’wdi’, tag’a qag’i’wdi’, qi’li’shlasi’wdi’ isley alarma yekensiz?

Tap sol waqi’tta ati’zdan bir qoyan zi’n’g’i’p barati’r yeken.

- Woh, dep qi’shqi’rdi’ kishi balasi’. Mag’an keregi de usi’ yedi. Wol a’deb sabi’ndi’ ali’p, woni’ ko’pirtip qoyanni’n’ izinen jetip aldi’ da, yeki shekesi menen tumsi’g’i’na jag’i’p tasladi’. Wol sonday sheberlik penen qi’rdi’. Bir jerin keskende joq.

- Qatqan jumi’s, - dedi ag’asi’. Qoli’n’ jen’il yeken. Wol ga’pin ayti’p awzi’n jumg’an joq, jolda barati’rg’an bir arbag’a ko’zi tu’sti. Al, yaqshi’ menin’ gezegim, - dedi tag’a qag’i’wdi’ u’yrengen wortanshi’ balasi’. Menin’ sheberligime qara yendi ag’a. Wortanshi’si’ arbani’n’ izinen juwi’ri’p ketti de, wog’an jetip ali’p shawi’p barati’rg’an atti’n’ ayag’i’ni’n’ tag’alari’n aldi’ da worni’na taza tag’a qaqti’.

- Pa’kize jumi’s, - depdi ag’asi’.

Tuwi’sqani’ni’n’ islegeninen birde kem yemes.

Sonda u’lken balasi’ bi’lay dedi.

- Ag’a mag’anda wo’nerdi ko’rsetiwge ruxsat ber.

- Meyli, - dedi ag’asi’.

Tap sol waqi’tta jawi’n sheleklep quyi’p ketti. U’lken balasi’ qoli’na qi’li’shi’n aldi’ da tas to’besinen tezlik penen aylandi’radi’. Ko’z iliw mu’mkin bolmay qaldi’. Woni’ sonshelli tez aylandi’rg’anli’qtan jawi’nni’n’ bir tamshi’si’ da tamg’an joq. Bala turg’an worni’nda qi’li’shti’ aylandi’rg’ani’nan tap basti’rmani’n’ asti’nda turg’anday u’sti basi’n qurg’aq saqlap qaldi’. Jawi’n tamshi’lari’n qi’li’sh jolatpadi’. Ag’asi’ buni’ ko’rip tan’landi’ ha’m balalari’na bi’lay dedi.

- Sizlerdin’ ha’mmen’izde yepshil usta wo’nerpaz yekensizler. Men sizlerdin’ qaysi’ birin’izge u’ydi miyrasqa taslap ketiwdi bilmey turman.

Ha’mmen’iz birge turag’oyi’n’lar. Tuwi’sqanlar bug’an kelisim berdi. Sonnan beri bular birge jasap ati’rg’an yeken.

Bul yertekte ata balalari’ u’lkeyip, wo’zlerin, bala-shag’alari’n bag’a alatug’i’nday yetip ta’rbiyalay alg’an. Balalari’na wo’ner u’yreniwine, usta boli’wi’na ja’rdem beredi. Wolar jat jurtlarda jasap u’sh ji’l degende wo’ner u’yrenip keledi. Yertektegi ta’rbiyali’q qa’siyet bul balalarda bir ka’sipke degen qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n woyatadi’. Jas balalar kishkene waqi’tlari’nan baslap u’lkeygennen keyin kim bolatug’i’nli’g’i’n ayti’p ju’redi. Atadan qalg’an jaydi’ qaysi’ balasi’na taslap, miyras yetip keterin bilmey ata balalari’ni’n’ wo’nerin ko’rip miyras ha’mmen’izge tiyisli dep ba’rin bir jerde jasaytug’i’ni’n aytadi’. Balalari’ni’n’ shaqqan, yepshil, miynet su’ygish yekenligin ko’rip atasi’ balalari’na razi’ boladi’. Bul yertek balalarda ka’sipke degen qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n arti’rsa yendigi yertegimiz wo’zbek xali’q yertegi «Zumrad va Qimmat», bunda jetim qi’z ha’m wo’gey arasi’ndag’i’ qari’m-qatnas.

Ta’rbiyali’ bala basqalarg’a azar yetkizbey, ta’ka’bbir bolmay, hesh kimge pa’s na’zer menen qaramay, rastgo’y boli’wi’ lazi’m. Jaqsi’ ta’rbiyali’ balalar u’lkenlerge hu’rmet, kishilerge izzet, shiyrin so’zli, ku’ler ju’zli, mu’layi’m boli’wi’ kerekligi wo’zlerine belgili. Wa’desine wopadar, amanatqa qi’yanet qi’lmaytug’i’n yetip ta’rbiyalawda ata-anani’n’ ha’m de mug’allimnin’ roli ku’shli.

Ata-anasi’ni’n’ hu’rmetin jayi’na qoyi’w, ini-qari’ndaslari’na mehriyban boli’w, jaman jollardan, jaramas islerden awlaq ju’riwine yerteklerdin’ de a’hmiyetli ku’shli. Mine, sonday balalardi’ yel hu’rmetleydi, qa’dirleydi, wolardi’ su’yedi. «Zumrat ha’m Qi’mbat»[17] yertegindegi Zumratta mine usi’nday qa’siyetlerge iye qi’z.

**«Zumrat ha’m Qi’mbat» yertegi**. Bir bar yeken bir joq yeken, buri’ng’i’ wo’tken zamanda bir g’arri’ jasag’an yeken. Woni’n’ kempiri wo’lip, bir qi’zi’

[17] «Зумрат ва Қиммат». Болалар адабиёти. Т. «Ўқитувчи». 2001. 27-бетте.

menen jasapti’. Ku’nlerdin’ birinde u’y jumi’slari’n yepley almay g’arri’, bir kempirge u’ylenipti. Bul kempirdin’ qi’zi’ bar yeken. G’arri’ni’n’ qi’zi’ni’n’ ati’ Zumrat, al kempirdin’ qi’zi’ni’n’ ati’ Qi’mbat boli’pti’. Zumrattan ha’mme qi’zlar wo’rnek alar, aqi’lli’, suli’w, a’depli, mulayi’m, miynet su’ygish boli’pti’. Joldag’i’ wo’sip turg’an lalalarda, tu’rli-tu’rli gu’llerde, Zumratti’ ko’rse baslari’n iyip, sa’lem berer yeken. Zumrat maysalar u’stinde woti’ri’p, dem alg’anda, bu’lbu’ller quwani’p, qosi’qlar ayti’p, gu’ller xoshametlep, turar yeken. Zumrat negizinde, u’ydegi wo’gey anadan g’arg’i’slar, baqi’ri’slar, yesitip, bir tislem nang’a zar boli’p ju’rgen qi’zsha. Al, wo’gey ana bolsa, wo’zinin’ qi’zi’ Qi’mbatti’, yerkeletip, qa’legen zati’n jegizip, kiygizip, woni’ jumsamay, qopal, tas bawi’r qi’zi’n yerkeletip woti’rar yeken. Ati’zdag’i’ wo’sip turg’an gu’llerde, quslarda Qi’mbat kiyati’rsa qabaqlari’n u’yip, baslari’n to’men sali’p, woni’ yerkeletpey turar yeken, bul qi’z gu’llerdi basqi’lap, azar berip, juli’p, taslaydi’ yeken. Jawi’z kempir buni’ biler yeken ha’m woni’ Zumrattan ko’rer yeken. Bulrdi’n’ ba’rinen g’arri’ biyxabar yeken. Zumrat azanda yerte turi’p si’yi’r sawi’p, yesiktin’ aldi’n tazalap, nan jawadi’ yeken, biraq ba’ri bir kempir woni’ jaman ko’rer yeken. Qi’mbat bolsa uyi’qlap jata beredi ha’m jumi’s islemeydi, shayi’nda, awqati’nda Zumrat tayarlap beredi yeken. Bir ku’ni kempir Zumrattan quti’li’w qara niyeti menen g’arri’ni’ shaqi’ri’p baqi’ri’pti’. «Zumratti’ tog’ayg’a bari’p adasti’ri’p kelmesen’, men senin’ menen jasamayman», - dep qi’shqi’ri’pti’. Ata ilajsi’z kempirdin’ aytqani’na ko’nipti. Qi’zi’n izine yertip, woni’ aldap hesh kim joq, qaran’g’i’ qorqi’ni’shli’ tog’ayg’a taslap ketipti. Tog’ayda jalg’i’z qalg’an qi’z ji’lap, si’n’lap, qorqi’p woti’rg’anda gu’ller wog’an qosi’qlar ayti’p, joli’na nur berip turi’pti’. Zumrat a’ri ju’ripti, beri ju’ripti, aqi’ri’ u’yge kelipti. Wol si’yqi’rger kempirdin’ u’yine kelipti. Kempirge sa’lem beripti, basi’nan wo’tkenlerdi ayti’p beripti. Kempir wog’an su’ysinip ketipti. Kempirdin’ ha’mme jumi’slari’n islepti, miynetten qashpapti’. Si’yqi’rger kempir qi’zdi’ «appag’i’m, tompag’i’m, monshag’i’m», - dep yerkeleter yeken. Soni’n’ ushi’n kempir,

Zumrat u’yin atasi’n sag’i’ni’p qapa boli’p woti’rg’an qi’zg’a bir sandi’q berip u’yine qaytari’pti’. Wo’gey ana menen yerinshek Qi’mbat, Zumratti’n’ sandi’g’i’n ko’rip ashi’p qarasa, ishi toli’ alti’n, gu’mis si’rg’a ju’zik, bilezik, monshaq, ba’ri bar yeken. Buni’ ko’rgen kempir qi’zg’ani’p, ashi’wi’ kelip wo’zinin’ qi’zi’ Qi’mbatti’ da sol jerge apari’p taslawi’n buyi’ri’pti’. G’arri’ bayag’i’ tog’ayg’a Qi’mbatti’da apari’p adasti’ri’p ketedi. Qi’mbat qaran’g’i’ tog’ayda jalg’i’z qaladi’. Aldi’nan bir u’y shi’g’adi’. Qi’mbat u’yge kempir menen sa’lemlespey qopal qatnasta boladi’. Sebebi, Qi’mbatqa anasi’ jaqsi’ qatnasta boli’wdi’ u’yretpegen. Si’yqi’rger kempir woni’ jaman ko’rip qaladi’, yertekler qosi’qlar ayti’p bermeydi. Qi’mbatti’ kempir woti’ng’a jumsasa: «Wo’zin’ bari’p al, senin’ ku’nlikshin’ barma?» dep ta’rbiyasi’z, a’depsiz ga’plerdi aytadi’. Qi’mbatta men u’yge qaytaman mag’an beretug’i’n sawg’an’ barma? dep jekirinedi. Kempir meyli dep bug’anda bir sandi’q beredi. Qi’z sandi’qti’ ali’p u’yine zorg’a jetip keledi. Anasi’ woni’ ku’tip woti’r yeken. Anasi’ qi’zi’ni’n’ aman kelgenin yemes, ali’p kelgen sandi’g’i’na asi’ladi’. Sandi’qti’ urman-purman ashi’p qarasa, ishinen bir aydarha shi’g’i’p qi’z benen kempirdi juti’p jiberedi. So’ytip atasi’ menen qi’zi’ Zumrat baxi’tli’ jasaydi’. Bul yeki qi’zdi’n’ arasi’ndag’i’ pari’qti’, ayi’rmashi’li’qti’ woqi’wshi’lar tez u’yrenip aladi’.

Zumrat hadal, aq ko’kirek, mulayi’, miynetkesh, aqi’lli’, u’lkenge hu’rmet, kishkenege izzet, ko’rsetetug’i’n yedi, ha’mme woni’ jaqsi’ ko’redi. Al xoshjaqpas, tentek, yerinshek, aqmaq, jalqaw, a’depsiz, ta’rbiyasi’z qi’zdi’ ha’m perzentine ta’rbiya bere almag’an, biyhaya, anani’ ha’mme ha’tteki quslar, gu’llerde, jaman ko’redi. Zumratti’n’ u’yine sawg’a sa’lemler menen qaytqani’n wo’gey anasi’ ko’re almay, qi’zi’ Qi’mbatti’ jiberedi, buni’n’ aqi’beti wo’zin wo’limge duwshar yetedi. Zumratti’n’ bolsa kelgenine ha’mmesi quwansa, ta’rbiyasi’z, anasi’ menen qi’zdi’ aydarha jegeni hesh kim qi’ynalmapti’, qaytama bunday adamnan quti’lg’ani’na quwani’pti’.

Kitapxan balalar Qi’mbatqa uqsap qalmasli’q ushi’n, a’depli, mulayi’m, miynetti su’yiwge, ko’birek sabaq tayarlap, kitap woqi’wg’a umti’ladi’.

Bul yertekti ju’da’ qolayli’, i’qsham, balalar tez ug’i’p alatug’i’ni’ ko’rinip tur.

Bul mektep jasi’ndag’i’ balalardi’ tek ta’rbiyali’q, a’dep-ikramli’li’q qa’siyetlerdi g’ana sin’dirip barmastan wolardi’ miynet yetiwge de ta’rbiyalap bari’wi’mi’z kerek. Usi’ jastag’i’ balalarg’a ba’ha’r ma’wsimleri na’l yegiw, woni’ wo’siriw, bag’i’w, u’lkenlerge ko’mek beriw degen. Ko’binese wo’zleri de bag’manshi’li’q islerge de berilip ketedi.

Solay yetip, miynet yetetug’i’n balalarg’a da arnalg’an yertekler de bar.

**«Darak»**[18] y**ertegi**. Bir Bahram isimli bala, jerge bir miywe na’lin woti’rg’i’zg’an yeken, wol bir u’lken miyweli terekke aylani’pti’. Buni’ ko’rgen ma’stan kempirde qi’zg’ani’sh boli’p bir sumli’q woylapti’. Kempir Bahramdi’ qaltag’a sali’p, arqalap, u’yine ali’p ketipti. Ma’stan kempir ha’wlisine jetip kelip, qazang’a may quyi’p, asti’na woti’n jag’i’pti’. Bahram bir a’mellep qapti’ tesip shi’g’i’p terektin’ joqari’si’na shi’g’i’pti’.

Ma’stan kempir kelip ko’rse bala joq.

- Balajani’m qaydasan’? qay jerge kettin’? – dep mulayi’m boli’p sorapti’.

- Men bul jerdemen! – Bahram terektin’ to’besinen juwap beripti.

- Balajani’m qalay shi’qti’n’? – dep sorapti’ ma’stan kempir.

- Temir a’to’shkirdi wotqa qi’zdi’ri’p u’stine woti’rdi’m, a’to’shkir joqari’g’a ushi’pti’, qarasam terektin’ u’stinde woti’rman, - depti Bahram.

Kempir Bahram aytqanday yetip qi’lg’an yeken kempir quyip wo’lipti. Kempirdin’ woylag’an sumli’g’i’ wo’zinin’ basi’na jetipti. Bahram bolsa, aqi’lli’li’g’i’ menen wo’zinin’ yekken teregin aman ali’p qali’pti’.

Yertekti woqi’p boli’p Bahramday miynetkesh, aqi’lli’, boli’wg’a ti’ri’sadi’, ilhamlani’p, kewillenip, woti’radi’. «Ne yeksen’, soni’ worasan’»

[18] Болалар адабиёти. «Дарак».

degen naqi’l bar. Sonday bala yekken tereginin’ miywesin ra’ha’tlenip jep, qasi’ndag’i’ doslari’na, joldaslari’na beredi.

Yertekte balani’ aqi’li’ni’n’ ushqi’rli’, woylap tabi’wshi’li’g’i’, ku’shliligi ko’rinip tur. Bala ta’rbiya ko’rgen, ta’rtipli, ata-anasi’na ko’mekshi, miynetkesh boli’p wo’sken. Balalar Bahramday boli’wg’a, wo’zleride ati’zlari’na ne yekkennin yamasa yendigi jag’i’nda ati’zlarg’a qarap yegin yegetug’i’n qayta-qayta ta’kirarlaydi’. Balalar arasi’nda ko’p ushi’rasatug’i’n qa’siyet bir-birewinen wozi’w, jari’si’w, wonnan buri’n bolsam, degen niyet boladi’. Adamlar menen haywanlar arasi’nda da dosli’q tuyg’i’si’ bar. «Shalg’am»[19] yertegin ali’p qarayi’q.

**«Shalg’am» yertegi**. Bir bar yeken, bir joq yeken, ash yekende, toq yeken, buri’ng’i’ wo’tken zamanda bir g’arri’ menen kempir jasag’an yeken. G’arri’ bir shalg’am yekken yeken, wol u’lken shalg’am boli’p jetisipti. So’ytip g’arri’ shalg’amdi’ ali’p bir awqat pisirip jeyik dep, a’ri tarti’pti’, beri tarti’pti’ alalmapti’. Kempir beri kel, belimnen tart shalg’amdi’ alalmay ati’rman, - dep baqi’ri’pti’ g’arri’.

Kempir de jetip kelipti, yekewi de tarta almapti’. Kempir qi’zi’n shaqi’ri’pti’.

- Qi’zi’m ha’y qi’zi’m kel berman, mi’na shalg’amdi’ tarti’si’p jiber bizler alalmay ati’rmi’z, - depti. Qi’zi’da juwi’ri’p kelipti.

U’shewi bir ku’shi menen tarti’pti’. Shalg’amdi’ ba’ri bir alalmapti’. Qi’z yendi ku’shigin shaqi’ri’pti’, yele de alalmapti’. Pi’shi’q yen’ aqi’r son’i’ ti’shqandi’ shaqi’ri’pti’. Ti’shqan da jetip kelip tarti’si’pti’.

G’arri’, kempir, qi’zi’, ku’shigi, pi’shi’g’i’, ti’shqani’ ha’mmesi qatti’ tartqan yeken shalg’am suwi’ri’li’p shi’g’i’pti’. So’ytip ha’mmesi shalg’amdi’ tamaq qi’li’p jep, tati’w jasapti’. Yertek ju’da’ an’sat ha’m a’piwayi’. Balalar buni’ woqi’p beriwde aq wo’zleri yerkin so’ylep bere aladi’. Bul yertektin’ mazmuni’, ta’rbiyali’q a’hmiyeti ku’shli. Yertekte g’arri’ni’n’ shalg’am

[19] «Шалғам». Балалар әдебияты. Т., «Ўқитувчи». 2001. 18-бет.

yekkeni, woni’n’ u’lkeyip wo’siwi, woni’ birgelesip tarti’p ali’wi’, shalg’amg’a ku’ni-tu’ni to’gin berip, jaqsi’lap qarag’ani’, ter to’gip miynet qi’lg’ani’ni’n’ yesesine shalg’ami’ ju’da’ u’lken boli’p wo’siwi bulardi’n’ ba’ri miynettin’ arqasi’nda.

Demek, yertekte yen’ birinshi miynet su’ygishligi ko’rinip tur. Yekinshiden balalar arasi’nda a’tirapi’ndag’i’lar menen aqi’l, dos boli’p wo’siwi haqqi’nda. Kimdur doslar menen ja’miyet penen pikirlesip, bir jag’adan bas shi’g’arsa, wo’zine ha’m wo’zgelerge de jaqsi’. Yertekte u’lken shalg’amdi’ birgelesip, g’arri’, kempir, qi’zi’, ku’shigi, pi’shi’g’i’, ti’shqani’ birigip ha’reket qi’li’wi’, bul balalarg’a u’lken zawi’q beredi.

Yertek kishkentaylar ushi’n «Ku’sh birlikte» degen tu’sinikti wo’zlestiriwde xi’zmet qi’ladi’.

İnsapsi’z adamlar, bari’na qanaat qi’lmay, shu’kirlik qi’lmay, birewlerge jamanli’q qi’li’w, amanati’na qi’yanet yetiwler bulardi’n’ ba’ri yertekler qatari’nda balalarg’a berilgen, balalardi’ bunday jollardan awlaq ju’riwge shaqi’radi’. Bunda tuwri’li’qti’ ku’shliligi ko’rsetip tur. «Haqqus»[20] yertegin ali’p qarayi’q.

**«Haqqus» yertegi**. Bir bali’qshi’ bolg’an yeken. Wol azanli’-kesh bali’q awlap, bala-shag’a bag’adi’ yeken. Tutqan bali’qlari’n bazarg’a apari’p sati’p, ku’n ko’redi yeken.

Ku’nlerdin’ bir ku’ni bali’qshi’ bali’q awlap ati’rg’anda bir haqqus kelip woni’ baqlap turadi’ yeken.

Bali’qshi’ aqshamda g’ana bir kishkene bali’q uslapti’. Buni’ ko’rgen qus wonnan:

- Bul bali’qti’ ne qi’lasi’z? dep sorapti’.

- Ne qi’lar yedim, bazarg’a apari’p sati’p nan ali’p jeymiz, u’yde basqa hesh na’rse joq, depti g’arri’.

---

[20] Балалар әдебияты. «Ҳаққус». Т. «Ўқитувчи». 2001. 47-бет.

- Sizler ashi’nban’! depti haqqus. Men sizlerge ku’nde u’lken bir bali’q a’kelip beremen, biraq menin’ ku’nde bul jerge kelgenimdi hesh kimge aytpan’, - depti. Sizler qari’g’an shag’i’n’i’zda hesh qi’ynalmay jasan’ depti haqqus.

Sol ku’nnen baslap, haqqus ha’r ku’ni bali’qshi’ni’n’ ha’wlisine u’lken bir bali’q a’kelip berip turi’pti’. Kempiri bali’qti’ bo’lip-bo’lip quwi’rar, g’arri’si’ bolsa bazarg’a apari’p sati’p keledi yeken. Kempir isenip g’arri’ tez bayi’p ketipti, ha’tte bag’i’ bar u’yde sati’p ali’pti’. Bir ku’ni bali’qshi’ ku’ndegidey bali’q sati’p ati’r yeken, patshani’n’ jarshi’si’ wo’tip qali’pti’.

- Kimde kim haqqusti’ ko’rgen bolsa, qay jerden tabi’wdi’ aytsa patsha wog’an yari’m da’wleti ha’m qi’zi’n beretug’i’ni’n ayti’pti’.

Buni’ yesitken bali’qshi’ g’arri’ worni’nan sekirip turmaqshi’ boli’pti’, biraq haqqusqa bergen wa’desi yadi’na tu’sip worni’na woti’radi’. Biraq jarshi’ g’arri’ni’n’ worni’nan tu’rgelip woti’rg’ani’n ko’rip patshani’n’ aldi’na ali’p keledi.

- Qartayi’p ati’rman, - depti patsha, ta’wipler ha’r qi’yli’ da’ri-darmanlar menen meni jasartalmay ati’r. Bir ta’wiptin’ ayti’wi’nsha bir haqqusti’n’ qani’na shomi’lsam jasarar yekenmen, - depti.

- Yeger qusti’ tuti’p bersen’ bayli’g’i’mni’n’ jarti’si’ ha’m qi’zi’mdi’ da qosi’p bergenim bolsi’n, -depti. Yeger tuti’p bermesen’ wo’zin’di wo’limge buyi’raman.

- Haqqus ju’da’ u’lken woni’ tuti’w ushi’n ju’z adam kerek, - depti g’arri’.

- Ju’z yamasa to’rt ju’z adam beremen, - depti patsha.

G’arri’ to’rt ju’z adamdi’ yertip ku’ndegi keletug’i’n waqti’na bari’p jasi’ri’ni’p jatadi’. G’arri’ haqqusi’ kelgen waqi’tta sag’an awqat tayarladi’m, jep al, - depti.

Qus jerge tu’sip awqati’n jep ati’rg’anda patshani’n’ jasawi’llari’ kelip qaladi’. Haqqus yendi ushayi’n dep ati’rg’anda g’arri’ ayag’i’nan uslap aladi’. Qus g’arri’ni’ da ko’terip barati’rg’anda jasawi’llar g’arri’ni’n’ ayag’i’na asi’ladi’. So’ytip bir-birewinin’ ayag’i’na asi’li’p ba’rin aspang’a haqqus ali’p

ushi’p kete beredi. Haqqus barg’an sayi’n hawada joqari’lay beredi. Bali’qshi’ni’n’ qollari’ tali’p, bilekleri yezilip ketipti. Sonda qusti’n’ ayag’i’n qoyi’p jiberedi. Adamlardi’n’ ha’mmesi mi’lja-mi’lja boli’pti’. İnsapsi’z g’arri’ so’ytip wo’zinin’ jazasi’n ali’pti’. Mine, sol yertekte hu’jdansi’z, insapsi’z, wo’zinin’ nesiybesinen ayi’ri’li’p woti’rg’an g’arri’ haqqi’nda. Qus wog’an jaqsi’li’q qi’lg’an yedi, wo’zi qusqa jamanli’q qi’ldi’, biraq qus qashi’p quti’ldi’, al g’arri’ bolsa wo’zinin’ jazasi’n tapti’.

«Wo’zin’ jaqqan wotqa, wo’zin’ i’si’n» degen xali’qta naqi’l bar. Wo’zinin’ qi’lg’an jamanli’g’i’ wo’zinin’ basi’na jetti.

Yertek do’retiwshiler yertek jaratqanda ko’p na’rselerge itibar berip, yerteklerdin’ balalar ushi’n kelesheginde paydasi’n tiygizetug’i’nday yetip jaratqan. Qaraqalpaq xali’q yertegi «Jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q».[21]

**«Jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q» yertegi**. Wo’tken zamanlardi’n’ birinde, zuli’mli’q penen dan’qi’ shi’qqan bir patshani’n’ yelinde Barzi’w degen ataqli’ mergen boli’pti’. Usi’ mergendi xan wo’z sarayi’nda, jumi’s islewge shaqi’ri’pti’. Talabi’ wori’nlanbag’annan keyin xan Barzi’wdi’ quwdalawg’a baslapti’.

Qi’sqasi’ shi’damag’an mergen bir tu’nde bala-shag’asi’ menen basi’p ali’p dus kelgen jag’i’na qaray ko’ship ketipti. Ko’p ju’risten keyin Barzi’w bir bayterektin’ jani’na kelip, wo’zlerinin’ sharshag’ani’n shi’g’ari’w ushi’n dem ali’wdi’ woylap ju’klerin tu’siripti.

Barzi’w bala-shag’asi’ ushi’n an’g’a shi’g’i’p ketipti. Woq jayi’ni’n’ tek g’ana yeki wog’i’ bar yeken. Kesh boli’p qas qarayg’ang’a shekem woni’n’ aldi’nan bir de an’ shi’qpadi’. Bir terekke jaqi’nlag’anda, shu’ykildegen qusti’n’ palapanlari’ni’n’ dawi’si’n yesitip, juwi’ri’p bari’p terektin’ basi’nda uyag’a jaqi’nlap qalg’an ji’landi’ ko’ripti.

Uyada kepterdin’ u’sh balasi’ menen anasi’ shi’ri’ldap turg’an yeken.

[21] Оқыў китабы. 3-класс. «Жақсылыққа жақсылық». Нөкис, «Билим». 2002. 43-бет.

Waqi’tti’ wo’tkermesten bir wog’i’ menen ji’landi’ ati’p tu’sirip kepterdin’ balalari’n wo’liminen qutqari’p, wo’z jo’nine ketipti.

Ko’p ju’risten ju’da’ sharshag’an ha’m an’lardi’ taba almag’an Barzi’w bir patshani’n’ diywaldan qorshalag’an qorg’ani’ni’n’ jani’na kelip, hayran boli’p turg’anda, bir da’w kelip woni’ uslap ali’p, wo’ltirmekshi bolg’ani’n ayti’pti’. Barzi’w wog’an, wo’limge i’layi’q gu’na’ qi’lmag’ani’n ayti’p, wo’tinish yetedi. Da’w bug’an kelisim bermeydi.

- Jaqsi’ adamzat. Senin’ menen keliseyik, biraq sha’rt sol anaw biyik tawdi’n’ minarani’n’ basi’nda turg’an qon’i’rawdi’ ko’rdin’ be? Soni’ bir atqanda tiygizesen’, yeger tiygizbesen’ wo’letug’i’nli’g’i’n’di’ umi’tpa, - depti da’w.

Ku’nnin’ qaran’g’i’ tu’sip barati’rg’ani’, qon’i’rawdi’n’ ali’sta biyikte turg’ani’ Barzi’wdi’ qansha woylandi’rg’ani’ menen ilajsi’z ko’nipti. Woq jaydi’ qasi’na ali’p, go’zlep turi’p ati’p jiberipti. Woq da’l tiyse qon’i’rawdan ses shi’g’ari’wi’ kerek. Ko’p waqi’tqa shekem ses shi’qpapti’. Azdan keyin qon’i’rawg’a bir na’rsenin’ tiygen sesti yesitilipti. Da’w jigitti wo’limnen qutqari’p, jo’nine ketipti. Barzi’w hayran boli’p, qorg’andi’ jag’alap ketip barati’rsa, basi’ mi’lja-mi’lja bolg’an bayag’i’ kepterdi ko’ripti. Sonda g’ana Barzi’w bayag’i’ woq jayi’ ati’lg’annan keyin ko’p waqi’tqa shekem qon’i’rawdi’n’ sestinin’ yesitilmey turg’ani’ni’n’ sebebin tu’sinipti. Wo’ytkeni woq qon’i’rawg’a tiymegen yeken. Kepter balalari’n wo’limnen ali’p qalg’an jigittin’ basi’na wo’lim qa’wpi do’ngende, wog’an ja’rdem beriw, jaqsi’li’qqa-jaqsi’li’q yetiw ushi’n, jigittin’ woq jayi’ ati’wi’n ku’tip turi’p, wog’an wog’i’ tiymegeni son’, qon’i’rawga bari’p wo’zin-wo’zi basi’ menen urg’an yeken.

«Jaqsi’li’qti’ bilmeytug’i’n jan bolmaydi’» degen xali’q so’zi usi’nnan qali’pti’. Du’nyada bir qi’lg’an jaqsi’li’q jaqsi’li’q penen qaytadi’, biri qi’lg’an jaqsi’li’q jamanli’q penen qaytadi’. Aldi’n’g’i’ yertegimizde jaqsi’li’qqa jamanli’q penen qaytarsa, bul yertek jaqsi’li’qqa jaqsi’li’q. Bulardi’n’ ba’rin bala woylap, sali’sti’ri’p woti’radi’. Adam balasi’na tu’ye quslarda,

haywanlarda jaqsi’li’qti’n’ ne yekenligin biledi. Balalari’n qutqarg’ani’ ushi’n wo’zin wo’limge ma’jbu’rleydi. Aqmaq zuli’m patsha Barzi’wdi’ wo’z yelinen quwdalaydi’. Barzi’w ketiwge ma’jbu’r boladi’. Kepterdin’ adamg’a balalari’na jani’ ashi’p, shu’ykildep ji’lannan qalay qutqarari’n bilmey turg’anda Barzi’w kelip ja’rdem beredi. Kepterdi balalari’ menen aman ali’p qaladi’. Barzi’wdi’n’ aldi’nan shi’qqan da’w, gu’na’si joq Barzi’wdi’ wo’ltirmekshi boladi’. Barzi’w hesh qanday gu’na’ islemegenin, wo’ltirmewin wo’tinish yetedi. Biraq da’w bir sha’rti bari’n aytadi’. Barzi’w sha’rtine ko’nedi. Bulardi’n’ ba’rin si’rta baqlap turg’an kepter Barzi’wdi’n’ qi’lg’an jaqsi’li’g’i’na jaqsi’li’q yetiw ushi’n, Barzi’wdi’n’ atqan wog’i’ qon’i’rawg’a tiyeme, tiymeyme ba’rin baqlap turadi’. Woq qon’i’rawg’a tiymegenin ko’rip kepter, qon’i’rawg’a bari’p wo’zin-wo’zi basi’ menen uradi’. So’ytip Barzi’w wo’limnen aman qali’p bala-shag’asi’ni’n’ aldi’na qaytadi’.

Bunday yertekler balalarda bir-birine bolg’an mulayi’mli’li’q, mehribanli’q, muhabbat, adamgershilik, si’ylasi’qli’ qa’siyetlerdi woyatadi’. Ja’rdemge mu’ta’j adamlarg’a ja’rdem beredi, bergen ja’rdemine jaqsi’li’q penen juwap qaytaradi’. Woni’n’ qi’lg’an jaqsi’li’g’i’n umi’tpaydi’. Geybir insanlar qi’lg’an jaqsi’li’g’i’n umi’ti’p ketedi. Yendigi yertegimiz «Gedey wa’zir ha’m woni’n’ aqi’lli’ qi’zi’».[22]

**«Gedey wa’zir ha’m woni’n’ aqi’lli’ qi’zi’» yertegi**. Buri’ng’i’ wo’tken zamanda bir xanni’n’ gedey wa’ziri boli’pti’. Sol xanni’n’ ha’meldarlari’ gedey wa’zirdin’ aqi’lli’li’g’i’na, danali’g’i’na shi’day almay, woni’ jurttan shi’g’ari’p quwmaq ushi’n gedey wa’zirdi xang’a jamanlaydi’. Xan gedey wa’zirdi ha’meldarlari’ni’n’ jamanlawi’ menen hesh soramastan, zindang’a sali’p taslaydi’. Aradan bir neshe ku’n wo’tkennen keyin zindannan shi’g’ari’p, yelattan shi’g’i’p ketiwge buyi’radi’.

Gedey wa’zir u’yine kelip, yeki tu’ye aladi’. «Bostan-bos yel gezip ketkenshe sawda-sati’q yete keteyin», - dep eki tu’yege du’nya mali’n arti’p,

[22] Оқыў китабы. 3-класс. «Жақсылыққа жақсылық». Нөкис, «Билим». 2002.

hayal, bala-shag'asi' menen xoshlasi'p, ku'nnin' shi'g'i'si'na qarap ju'rip ketedi. Bir neshshe ku'n jol ju'rgennen son', aldi'nan u'lken qala shi'g'adi'. Bul qalag'a bari'p, saraymang'a tu'sedi. Ali'p barg'an tu'yelerin, ha'mme na'rselerin sati'p pul yetip aladi'. Sol qalada birneshe ji'ldan beri soqta woynap ku'n ko'rip woti'rg'an bir g'arri' bar yeken. Soqta woynag'anda woynawshi'lardi'n' aldi'na qoyatug'i'n bir sha'rti bar yeken. G'arri' sol sha'rtti wori'nlasa, woyi'nshi'ni'n' barli'q mal du'nyasi'n ali'p qaladi' yeken. Sha'rtinin' bir woyi'nda u'sh sapar uti'li'p qalsa, barli'q du'nyani' beredi: yekinshi sha'rti ku'n batqannan shi'qqang'a shekem shi'rani' ko'terip woti'ratug'i'n bir pi'shi'g'i' bar yeken. Yeger sol pi'shi'q u'sh sapar shi'rani' jerge tu'sirse, g'arri'ni'n' uti'lg'ani'. Yeger pi'shi'q tu'ni menen shi'rani' usi'lap tursa, g'arri' woynawshi'ni'n' du'nya-mali'n ali'p qaladi' yeken.

A'ne sol g'arri' gedey wa'zirdi tawi'p ali'p bir tu'n soqta woynaydi'.

G'arri' gedey wa'zirdi soqtadan u'sh sapar utadi', pi'shi'qta shi'rani' tan' atqansha uslap turadi'. A'depki sha'rti boyi'nsha gedey wa'zirdin' u'stindegi kiyim-kiyinsheginen basqa barli'q du'nya mali'n g'arri' aladi'.

- A'welden bul sha'rtlerge i'rza boldi'n' yendi, qa'ne u'ydi bosat, bizden uti'ldi'n', - dep gedey wa'zirdi quwi'p jiberedi.

Sol ketkennen gedey wa'zir qaladag'i' quwi'rdaqshi'lardi'n' wot jaqqi'shi' boli'p, ku'n ko'rip ju're beredi.

Ku'nlerdin' bir ku'ni gedey wa'zirdin' hayali', bala-shag'asi' woni'n' wot jaqqi'sh boli'p islep ju'rgenin yesitedi. Gedey wa'zirdin' uli' joq yeken. Hayali' «yeger yel balam bolsa a'kesin izlep qi'di'ri'p, bul awhallardi' ko'rip qaytar yedi», - dep g'am-g'um boli'p ji'lap woti'rg'ani'ni'n' u'stine jalg'i'z qi'zi' keledi.

Qi'z anasi'na:

- Apa, nege qami'g'i'p woti'rsan', - deydi.

- Anasi': Jurttan ka'n'g'i'ri'p ketken a'ken', bunnan ketip u'lken bir qalag'a barg'an, soqtadan uti'li'p, bari'nan ayi'ri'li'p, sol qalada bir

quwi’rdaqshi’ni’n’ wot jaqqi’shi’ boli’p ju’r desedi. Ul balam bolsa, sol a’kesin ko’rip qaytar yedi dep ji’lap woti’rman qarag’i’m, - depti.

- Apa, sen ji’lama, sol jolg’a jetkenshe azi’g’i’mdi’ tayarlap ber, deydi de, qi’zi’ maydang’a shi’g’i’p ketedi.

Dalada ti’shqanni’n’ İnin qazi’p bir ti’shqandi’ uslap, ku’nde qoli’nan bir ju’zim berip, qi’ri’q ku’nde ti’shqandi’ wo’zine u’yretip aladi’. Ti’shqan ku’nde qi’zdi’n’ qoli’nan bir ju’zim jeydi de, wo’zin sali’p qoyg’an quti’g’a qashi’p bari’p kirip jatadi’. Ti’shqan a’bden u’yrengennen keyin, qi’z yerkerler kiyimin kiyip, bir ba’ybetshe boli’p, a’kesin izlep jolg’a rawana boladi’.

Aradan bir neshshe ku’n wo’tkennen keyin qi’zda a’kesinin’ barg’an qalasi’na jetip baradi’. A’kesi tu’sken sharbaqqa bul da baradi’.

«Ba’ybetshe keldi» - degen xabar g’arri’ni’n’ qulag’i’na jetedi. G’arri’ ba’ybetshenin’ u’stine keledi. Ba’ybetshe g’arri’ni’ ko’rgennen bayag’i’ yesitiwi boyi’nsha g’arri’ni’n’ tani’p g’arri’g’a ko’p zi’yapat yetedi.

G’arri’:

- Ha’, balam, bizikine bari’p, bir aqsham miyman bol. Ko’p jaqsi’ bala yekensen’, - deydi.

Ba’ybetshe:

- Boladi’, - dep g’arri’ni’n’ u’yine baradi’. G’arri’ zi’yapati’n berip boladi’. Qi’z soqta woynawg’a ku’ta’ asi’g’i’p woti’rg’ani’n bilip, g’arri’:

- Balam, azi’raq soqta woynap ko’resen’ be? – deydi.

Ba’ybetshe:

- Woynayi’q ata, - deydi.

G’arri’ soqtani’ wortag’a qoyi’p: quri’ woynamaymi’z balam, bug’an ha’r kim qoli’nda bari’n tigedi, - dep bayag’i’ sha’rtin tu’sindiredi. Ba’ybetshe qayi’l boli’p woynawg’a kirisedi.

Woyi’n qi’zg’an waqi’tlari’ Ba’ybetshe qaltasi’nan bir ju’zimdi shi’g’ari’p, awzi’ ashi’q quti’dag’i’ ti’shqang’a ko’rsetip jiberedi, ti’shqan quti’dan shi’g’i’p ju’zimdi qag’i’p aladi’, sol waqi’tta shi’rani’ ko’terip turg’an pi’shi’qti’n’ ko’zin

shali’p ketip, ti’shqang’a tap beredi, ti’shqan quti’g’a kirip ketedi. Usi’lay yetip ti’shqan u’sh ma’rtebe shi’g’adi’. Pi’shi’q u’sh ma’rtebe shi’rani’ taslaydi’. G’arri’da u’sh ma’rtebe woyi’nnan uti’ladi’. Ba’ybetshenin’ bul wo’nerine g’arri’ni’n’ xabari’ bolmaydi’.

- Men sennen uti’ldi’m, men talay adamdi’ qaqsati’p yedim. Du’nya mu’lkimdi yendi sen al, - deydi g’arri’. Ba’ybetshe qi’z g’arri’ni’n’ du’nya mali’n ali’p, a’kesin quwi’rdaqshi’ni’n’ woshag’i’nda wot jag’i’p woti’rg’an jerinen tawi’p aladi’. A’kesinen:

- Qaytayi’q yendi, wo’limnen du’nya menen quti’lsan’ bolar. Men ko’p du’nyali’ boldi’m. Usi’ni’n’ menen alaman: - dedi qi’z ha’m sol maqsetine jetedi.

Bul yertektegi gedey wa’zirdin’ aqi’lli’, dana bolg’anli’g’i’n basqa ha’meldarlar qi’zg’ani’p patshag’a jamanlawi’, a’deplilike jatpawi’ woqi’wshi’larg’a tu’sindirip beriwimiz lazi’m.

Patsha gedeyden soramastan, zindang’a taslawi’ keyin yelinen quwi’p jiberiwi bulardi’n’ ba’ri a’dillik yemes yekenligi, si’ylasi’qti’n’, hu’rmet-izzettin’ joqli’g’i’ yekenligi ko’rinip tur. Gedey wa’zirdin’ qarap ketkenshe sawda sati’q yetip keteyin degeni ha’m yeki tu’yesi menen qosi’p zatlari’n qumar woynap utti’ri’p qoyi’wi’ bulardi’n’ ba’rinen xabardar bolg’an hayali’ qamsi’g’i’p ji’laydi’. Uli’m bolg’anda a’kesin izleytug’i’n yedi, - dep qi’zi’na qamsi’g’adi’. Qi’zi’ ul worni’na ul, qi’z worni’na qi’z jalg’i’z qi’zi’ bolg’anli’qtan a’kesin izlep wo’zi woylap ketedi. Bunda qi’zdi’n’ aqi’lli’li’g’i’, shaqqanli’g’i’, bati’rli’g’i’, yer ju’rekliligin aytadi’. Qi’z qori’qpastan, jolg’a tu’sedi. Ha’mmeni qumardan jen’ip bayli’g’i’n ali’p woti’rg’an g’arri’ni’ aqi’lli’li’g’i’ menen jen’ip shi’g’adi’. Hesh kim woylamag’an na’rseni woylap pi’shi’qqa u’yretilgen ti’shqandi’ ko’rsetip g’arri’ni’n’ sha’rtin wori’nlaydi’. Bulardi’n’ ba’ri qi’zdi’n’ shaqanli’g’i’nan, a’kesin ha’m g’arri’ni’n’ bayli’g’i’n qosi’p yeline ali’p qaytadi’. Bunday qi’zlar bizlerdin’ arami’zda da joq yemes,

ku’shli, aqi’lli’, bati’r qi’zlari’mi’zda bar yekenligin ayti’p tu’sindiremiz. Qi’zlarda, yer balalarda bug’an qi’zi’g’i’p wo’zlerin ma’rtlershe tuti’p, wolarda ilhamlani’p, wo’zlerin de usi’nday boli’wi’n a’rman yetedi.

## Juwmaq

Qaraqalpaq xali'q yertekleri ko'rkemligi jag'i'nan jetilisken janrlardi'n' birinen yesaplanadi'. Kishi mektep jasi'ndag'i' balalar ushi'n basqa janrlarg'a, da'stanlarg'a, qosi'qlarg'a, sheshenlik so'zlerge, gu'rrin'lerge qarag'anda yerteklerge ko'birek qi'zi'g'adi'. Bizler jan'a taqi'ri'pti' wo'ter yekenbiz sol ku'ni yertek bolsa balani'n' ju'zine basqasha quwani'sh, sabaqqa degen qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' ko'rinip turadi'. Yerteklerdi wo'tkende bala sharshag'ani'n shi'g'aradi'. Sol yertek ishinde wo'zi de ju'rgendey boli'p qosi'li'p woti'radi'.

Yertek bul xali'qti'n' qanatli' ha'm tapqi'rli', sheshenlik so'zleri menen beriledi. Qaraqalpaq yertekleri wo'zinin' syujetlik quri'li'si' jag'i'nan basqa xali'qlardi'n' yertekleri menen uli'wmali'q uqsasli'qqa iye bolg'ani' menen ko'rkem su'wretlew usi'llari' menen ayi'ri'li'p turadi'. Yertek a'sirler dawami'nda xali'qti'n' turmi'si' menen birge jasap, i'si'li'p, rawajlani'p kiyati'rg'an wo'mirlik joldasi'. Qaraqalpaq yerteklerindegi qaharmanlar barli'q waqi'tta wo'z dushpanlari'ni'n' u'stinen jen'iske yerisedi, yertek adamlardi'n' woy sezimlerin woyatadi', wo'z xalki'n, wo'z watani'n, kindik qani' tamg'an jerin su'yiwge u'yretedi. Wonda xali'qti'n' a'jayi'p so'z bayli'qlari'n ja'mlengen. Ka'ramat ha'm ushqi'r qi'yal menen toli' a'psanalar, tariyxi'y haqi'yqatli'q penen baylani'sqan ra'wiyatlar, bolmag'an na'rseni bolg'anday yetip su'wretleytug'i'n an'i'zlar, bulardi'n' ba'ri xali'q awi'zeki prozasi'ni'n' u'lken bayli'g'i' boli'p yesaplanadi'. Ha'r bir yertek wo'zine ta'n ko'rkemlik wo'zgeshelikke iye. Woni'n' baslani'wi', waqi'yani'n' shiyelenisiwi, pitiwi wo'z aldi'na bir wo'zgeshelikler menen beriledi. Yerteklerdin' baslani'wi'nda «Buri'ng'i' wo'tken zamanda», «Bir bar yeken, bir joq yeken» - woni'n' variantlari' ko'p boladi'. Yertekke qatnasqanlardi'n' ha'r qaysi'si'ni'n' so'zi, ha'r qaysi'si'ni'n' ha'reketi boladi'. Bul yerteklerdegi adamlardi'n' so'zlerinin' aqi'lli'li'g'i'ni'n', sheberlikleri ha'tteki buri'ng'i' waqi'tlari' paydalang'an a'sbaplardi'n', qurallardi'n' atlari', tu'rleri, yertekler arqali' da bizlerge jetip

kelgen. Tilimizdin’ a’jayi’p so’z bayli’g’i’n yertekler, a’psanalar, da’stanlar arqali’ jetip kelgen. Yertektin’ mazmuni’nda xali’qti’n’ naqi’l-maqallari’da ko’p wori’n alg’an. Ha’r qi’yli’ sha’rtler, ilme so’zler, astar so’zler, jumbaq waqi’yalar, ka’ramat na’rseler yerteklerdin’ mazmuni’na ta’n boli’p keledi. Yerteklerdin’ qaharmanlari’ bizin’ buri’ng’i’ da’wirimizde tasti’yi’qlag’ani’mi’zday xan ha’m qara, bayha’m jarli’ boli’p bo’linedi, joqari’ klass jaman, to’mengi klass jaqsi’ degen ta’miynat haqi’yqati’nda da yerteklerdin’ mazmuni’na juwap bermeydi. Biraq baydi’n’ da jaqsi’si’, jamani’, jarli’ni’n’da jaqsi’si’, jamani’ yerteklerde so’z boladi’. Yertektin’ basi’ qi’yi’nshi’li’q, a’dilsizlik penen baslani’p son’i’nda qi’yi’nshi’li’qti’ jen’ip, a’dillik penen tamamlanadi’.

Sonli’qtan biz balalarg’a ko’birek yerteklerdin’ klassli’q ko’z-qarastan yemes, uli’wma adamgershilik, jaqsi’li’q, jamanli’q, aq-qara ko’z-qaraslardi’n’ unamli’ ta’replerin sin’dirip, unamsi’z ta’replerin ali’p taslawi’mi’z kerek.

Yerteklerdegi so’z yetilip ati’rg’an shiyelenisken waqi’yalardi’n’ kewildegidey «maqset-muradi’na jetip» tamam boli’wi’ da usi’ janrdag’i’ xali’q do’retpesinin’ wog’ada teren’ bahali’li’g’i’nan derek beredi. Yertek birinshi baslani’wi’nan-aq woqi’wshi’lardi’n’ woy-sezimlerin wo’zine tarti’p aladi’ ha’m barli’q waqi’tta waqi’yadag’i’ unamli’ obraz ta’repinende boli’p, soni’n’ jen’ip shi’g’i’w tileginde woti’radi’. Unamli’ qaharmanlardi’n’ aq ko’kireklik, miynet su’ygishlik, hadal minez-quli’q woqi’wshi’da unamli’ ta’sir qaldi’radi’.

Juwmaqlap aytqanda, baslawi’sh klasslarda yerteklerdi woqi’ti’w balalar ushi’n ju’da’ a’hmiyetli. Sebebi, yertek balalardi’n’ til bayli’g’i’n, woy-wo’risin g’ana wo’sirip qoymastan, wolardi’n’ minez-qulqi’na, is-ha’reketine ta’sir jasaydi’. Sonli’qtan yertek ta’rbiyali’q jaqtan da zor a’hmiyetke iye. Yerteklerde ko’binese yumorli’q wori’nlar ju’da’ ko’p bolg’anli’qtan woqi’wshi’lar wog’an qi’zi’g’adi’. Yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’ ha’zirge shekem ilimiy jumi’s ali’p bari’lmag’an. Yerteklerdi woqi’ti’w metodikasi’ u’stinde keleshekte balalarg’a ta’siri, yerteklerdi wo’tiw ju’da’ a’hmiyetli yekenligin ashi’p

ko’rsetemen. Bul u’stinde jumi’s islew yertektin’ ha’r ta’repleme ta’sirin, paydasi’n, wo’tiw jollari’n izertlep woqi’wshi’lar ushi’n a’sirese kishi mektep jasi’ndag’i’ balalarg’a ju’da’ kerekli ha’m paydali’ yekenligin da’liylep berdik. Yertek penen basqa taqi’ri’p arasi’ndag’i’ u’lken wo’zgeshelik bar yekenligin da’liylleymen. Kishi jastag’i’ balalar ushi’n ko’birek ku’ndelikli sabaq ko’nlikpelerinde yerteklerdi ani’g’i’rag’i’ ko’binese haywanatlar haqqi’ndag’i’ yertekler, turmi’s haqqi’ndag’i’ yertekler ko’birek berilse maqsetke muwapi’q boladi’. Yerteklerdin’ qaysi’ biri bolmasi’n woqi’wshi’larg’a ha’zirgi zaman talabi’na sa’ykes jan’a metodlar boyi’nsha ha’r bir saatti’ usi’larg’a tiykarlani’p wo’tiw woqi’wshi’ ushi’n ju’da’ paydali’.

Mi’sali’ yertektin’ ba’rin ali’p woni’ obrazlarg’a, rollerge bo’lip quwi’rshaq teatri’ arqali’ ko’rsetip beriw, ha’reket ta’sirli yetip woqi’p beriwdin’ wo’zi balalarg’a ju’da’ ta’sir yetedi. Balani’n’ wo’zine de yertek ishine kirip, wo’zin sol qaharmanday sezip, wo’zin sol bati’rlarday da’ju’rek boli’wi’n a’rman yetip woti’radi’. Ha’mmemizge belgili balalardi’n’ yadi’, yeste saqlawi’ u’lken jastag’i’ yeresek adamlar menen sali’sti’rg’anda anag’urli’m ku’shli. Soni’n’ ushi’n wo’sip kiyati’rg’an jaslari’mi’zdi’, bizin’ keleshegimizdi ha’r bir minutti’n’, ha’r bir saati’n u’nemli duri’s paydali’ na’rselerge sari’plawda mug’allimnin’ ha’m ata-anani’n’ u’lesi ku’shli. Balani’n’ 4-5 saati’ mektepte bolatug’i’n bolsa, al mektepten ti’sqari’ ko’pshilik bos waqi’tlari’n u’yinde wo’tkeredi. Soni’n’ ushi’n bala mektepten ti’sqari’ waqi’tlari’ ha’r qi’yli’ sport tu’rleri menen basqa da do’gerek jumi’slari’ menen shug’i’llani’p bos waqi’tlari’nda yertekler woqi’p woy-wo’risin rawajlandi’radi’.

Mug’allim ushi’n ha’r bir bala wo’zinin’ perzentindey boli’wi’ woni’n’ bilimine, ta’rbiyasi’na di’qqat awdari’p wolardi’n’ keleshegi ushi’n gu’resiwi kerek, sebebi yerten’gi bizin’ keleshegimiz bul balalar.

Ani’qlap aytatug’i’n bolsaq 1-klassti’n’ woqi’w kitabi’nda 4 yertek bar. Bul balalar ushi’n az dep woylayman, sebebi 1-klass balalari’ yele woyi’n balasi’, wolarg’a qosi’q, gu’rrin’ wo’te bergennen ko’birek yertek wo’tilse wolar

jali’qpaydi’. 1-klass balalar ushi’n qosi’qti’n’, naqi’l-maqallardi’n’, gu’rrin’lerdin’ worni’na ko’binese yertek qi’zi’qli’ boladi’.

Menin’ pikirimshe 1-klass bala u’yinde yele yertek woqi’wi’ ushi’n toli’q jetetug’i’n bilimin ali’p bolg’ani’ joq. Yele wolarg’a woqi’wdi’n’ birinshi yari’mi’ «A’lipbe», son’ yekinshi yari’mi’nda «Woqi’w» wo’tiledi. Sonli’qtan balani’ zeriktirmew, jali’qti’rmaw ushi’n yerteklerdi wo’tiw qolayli’ dep woylayman.

Men «Baslawi’sh klasslarda yerteklerdi woqi’ti’w usi’li’» degen temada pitkeriw aldi’ jumi’si’n jazi’p woti’ri’p, usi’ni’ usi’ni’s yetip kirgizgenmen. 1-2-klass balalari’ ushi’n woqi’w bag’darlamasi’na ko’birek yertekler kirgizilse, bala usi’ yertekler arqali’ du’nya tani’ydi’, aq-qarani’, hadal-haramdi’, aqi’lli’-aqmaqti’ aji’rata aladi’. 1-2-klassti’n’ «Woqi’w» kitabi’nda tek 3-4 yertekten ko’birek berilse, bul balalardi’n’ yele woyi’n balasi’, wolar tez jali’g’adi’. Men wo’z ta’jiriybemnen ala woti’ri’p ku’ndelikli sabaq bari’si’nda basqa taqi’ri’plarg’a qarag’anda yertek wo’tetug’i’n waqi’tlari’ balalarda basqasha bir quwani’sh payda boladi’. Sol ku’ngi sabaqqa ha’mme woqi’wshi’lar toli’q di’kqat penen ti’n’lap woti’radi’. Woqi’wshi’lar tez ug’i’p ali’p tezirek ishindegisin ayti’p bolg’ansha taxtag’a shi’g’i’wg’a asi’g’adi’. Qi’zi’qqani’ sonshelli worni’nan tu’rgelip men shi’g’ayi’n dep turadi’. Soni’n’ ushi’n kishi mektep jasi’ndag’i’ balalar ushi’n ko’birek yertekler wo’tken maqul.

Balalar yertekti uyi’p ti’n’laydi’. Yertekte xali’qti’n’ qi’yali’y a’rmanlari’, wolardi’n’ tiykarg’i’ maqseti boli’p tabi’ladi’. Mektepte de xali’qti’n’ a’sirler boyi’ ji’ynag’an ta’jiriybesi, u’rp-a’deti, islegen ka’sibinin’ keshirgen ku’nleri, ma’deniyati’, tilinin’ sheberlikleri menen balalar jaqi’nnan tani’s boladi’. Balalar yerteklerde jay xali’qqa u’stem klass ta’repinen ha’r tu’rli qi’si’wmetlerdi ko’redi. Jay xali’q wa’kili wolardi’n’ ha’mmesin jen’ip shi’g’adi’. Usi’nday waqi’yalardi’n’ birin yerteklerde bala ko’rip turg’ani’nday sezedi. Usi’lardi’n’ na’tiyjesinde balada mehir-muhabbat, dosli’q sezimleri woyanadi’. Qosi’q, gu’rrin’lerden ko’birek yerteklerde ta’rbiyali’q qa’siyetlerge

ken’ toqtalg’an. Soni’n’ ushi’n bizler balalar ushi’n ko’binese yertekler wo’tiwdi qolayli’ dep bilemiz.

# Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Qaraqalpaq folklori’. I-II tom. «Qaraqalpaqstan» baspasi’. No’kis, 1977-j.

2. Maqsetov Q. «Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ko’rkem awi’zeki do’retpeleri». No’kis, «Bilim». 1996-j.

3. Jumaboev M. «Bolalar adabiëti». Toshkent, «Wqituvchi», 2001.

4. Qa’limbetov B., Axmetova A. 3-klass ushi’n sabaqli’q. No’kis, «Bilim». 2001-j.

5. Qa’limbetov B., Xudaybergenov A., Ajimova A. 3-klass ushi’n sabaqli’q. No’kis, «Bilim». 1996-j.

6. Qurbanbaev I. Qaraqalpaq balalar a’debiyati’. No’kis, «Bilim». 1992-j.

7. Paxratdinov A’. Qaraqalpaq a’debiyati’n oqi’ti’w metodikasi’. No’kis, «Bilim». 1992-j.

8. Pirniyazov Q. Baslawi’sh klasslarda qaraqalpaq tilin oqi’ti’w metodikasi’. No’kis, «Bilim». 1993-j.

9. Ayi’mbetov Q. Xali’q danali’g’i’. No’kis, «Qaraqalpaqstan». 1988-j.